ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№152 (24.590) ● 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Газетым тедзэныр пщэдей еух

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ! 2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пІальэр дыгъэгъазэм и 22-м еух.

«Адыгэ псалъэм» тедзэным феужьэрэкІыну, иужь дыдэ махуэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкІи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкІэ къыдэкІ газет закъуэмкІэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкІыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 897-рэ кІэпІейкІэ 96-рэ;

фэ езым пощтым къыщеІыфхыжынумэ - сом 814-рэ кІэпІейкІэ 26-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и ІуэхущІапІэ псоми.

Ди индексыр П 5894

● ЩІэ

Бжыгъэр и лъабжьэу

Мы махуэхэм Налшык къыщызэІуахащ къалащхьэм и псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм зэфІих лэжьыгъэхэм, и гъащІэм щыкІэлъыплъ центр. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щыгъуазэ зыхуищІащ абы и лэжьэкІэм.

ЦЕНТРЫЩІЭМ и унафэщІ ЛІыхъугу Артур щІыналъэм и пашэм иригъэлъэгъуащ и нэІэм щІэт ІуэхущІапІэм иІэ Іэмалхэр. Къапщтэмэ, бжыгъэр и лъабжьэу абы къыщызэрагъэпэщащ Налшык и теплъэр зиІэ макет. Иджырей Іэмалхэм я фІыгъэкІэ тыншу укІэлъоплъыф къалащхьэм и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм къызэщІиубыдэ лэжьыгъэхэр зэфІэха зэрыхъум, онлайн щытыкІэм иту.

Апхуэдэу центрым иІэ ІэмалхэмкІэ пхущІогъанэ е пхуогъэунэкІыфІ къалащхьэм и уэрамхэм щыфІэдза уэздыгъэхэр. Къыхэдгъэщынщи, мы гъэм къалащхьэм щыфІадзащ уэрамхэр къэзыгъэнэху уэздыгъэ мини 10-м щІигъу, светодиод лампІхэр илъу. ЗэрахъуэкІащ электрокъару зрикІуэ кІапсэу мини 2,5-м щІигъу, электрошкафи 152-рэ щагъэуващ. «Иджырей Іэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпам къыхэкІыу, электрокъарур нэхъ хъума мэхъу процент 32-м щІигъукІэ», - къыхигъэщащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз.

- Ахэр экономикэ и лъэныкъуэкІэ ехъулІэныгъэфІу къэплъытэ хъунущ, шынагъуэншагъэм и гугъу умыщІыххэми. Апхуэдэ хэкІыпІэхэр къахуэгъуэтын хуейщ фэтэр куэду зэхэт псэупІэ унэхэр къызэрагъэнэху щІыкІэми. А унэтІыныгъэм дяпэкІи зегъэужьыпхъэщ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэми. Центрым и диспетчер ІэнатІэр кІэлъоплъ кІэрыхубжьэрыхухэр, пхъэнкІийхэр зэрыдашым. А Іуэхур зэкІэ нэгъэсыпауэ жыпІэ хъунукъым, атІэми, центрым и ІэщІагъэлІхэр абыи кІэлъыплъыфынущ, махуэ зыбжанэ дэкІмэ. Къинэмыщ1ауэ, центрыщІэм къыщызэрызэгъэпэща Іэмалыф1хэм я фІыгъэкІэ, укІэлъоплъыф жылагъуэ транспортыр зэрызекІуэмрэ гъуэгухэм хабзэхэр зэрыщагъэзащІэмрэ. Ди республикэм щызекІуэ транспортым и процент 60-м щІигъур ГЛОНАСС-м пыщІа хъуащи, абы Іуэхур егъэпсынщІэ.

ЦентрыщІэм и ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, абыхэм я мурадщ гъуэгум щызекІуэ транспорт псоми я зекІуэкІэм, светофорхэм я лэжьэкІэм кІэлъыплъыныр къызэрагъэпэщыфыну. А унэтІыныгъэхэми мыхьэнэшхуэ яІэщ жылагъуэ гъащІэр шынагъуэншэу екІуэкІынымкІэ.

Къалащхьэм бжыгъэр и лъабжьэу къыщызэрагъэпэщ Іуэхутхьэбзэхэм я фІыгъэкІэ къалэ хозяйствэм и лэжьыгъэр зэрефІэкІуэнур хьэкъщ. Илъэгъуахэм къалэдэсхэм я гъащІэр нэхъ тынш зэращІынум шэч къызэрытримыхьэр жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

ЗыщІэхъуэпсхэр яІэрохьэ

КІуэкІуэ Казбек хэтащ илъэсыщІэ къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёрхэм ирагъэкІуэкІ «Хъуэпсап1эхэм я псей» Іуэхугъуэм. Мы гъэм Волонтёр Іуэхум зиужьынымкІэ центрыр доІэпыкъу «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и къудамэу республикэм щыІэм.

ПСАПЭХУЭЩІЭ Іуэхугъуэр хуэгъэпсат жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм щаІыгъ сабийхэу узыншагъэкІэ сэкъат зиІэхэм, адэ-анэ зыщхьэщымытхэм, щытыкІэ гугъум ихуахэм зыщІагъэкъуэным.

Республикэм и Іэтащхьэм и гъусэу сабийхэм я хъуэпсапІэхэр зэрылъ письмоулъэхэр псейм къыфІахащ къэрал, хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм.

«Псоми къыдбгъэдэкІыу волонтёрхэмрэ «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» хэтхэмрэ фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ Іуэхуф1 зэралэжьым папщІэ. Фи псапэр куэд ухъу, лэжьыгъэфІ зэфІывогъэкІ. Сыт и лъэныкъуэкІи фефІэкІуэну дынывохъуэхъу. А ІуэхуфІхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми ди къэрал дахэшхуэми ис сабий псоми ялъреІэс. Ди Президентми зэрыжиІащи, зыгуэрым фІы хуэтщІэну, тыгъэкІэ дыхуэупсэну псоми тфІэфІщ. Ди гукъыдэжкІэ мы акцэм дыкъыхэуващ. Сабийхэм къагъэлъэгъуа хъуэпсапІэ псори яІэрыхьэнущ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

Темыркъан Ю. Хь. и фэеплъыр мыкІуэдыжыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

СССР-м и Къэрал саугъэтым, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым я лауреат, макъамэ гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, щэнхабзэм и лэжьакІуэ щыпкъэ Темыркъан Юрэ Хьэту и къуэм и фэеплъыр мыкІуэдыжын папщІэ, «Тхыдэ къэхъукъащІэхэм, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм фІыщІэ къызэрымыкІуэхэр щызиІэ цІыху щэджащэхэм я фэеплъхэр мыкІуэдыжын щІыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №94-РЗ-м, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къыдэкІам, ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэ» щэнхабзэмкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм Темыркъан Ю. Хь. и цІэр фІэщын икІи абы зэреджэр мыпхуэдэу гъэувын - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Темыркъан Ю. Хь. и цІэр зезыхьэ и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэ» щэнхабзэмкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм пщэрылъ щыщІын мы Указым и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа ІуэхущІапІэм и Уставым, щыІэ хабзэм тету, зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр къызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пщэрылъ щыщІын еджапІэ нэхъыщхьэхэу, щІэныгъэ организацэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щылажьэхэм щІэс студентхэу, аспирантхэу макъамэ гъуазджэр джынымрэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ а ІэнатІэм щегъэкІуэкІынымрэ зэфІэкІ къызэрымыкІуэхэр къыщызыгъэлъэгъуахэм папщІэ Темыркъан Ю. Хь. и цІэр зезыхьэ стипендиехэр игъэувыну.

4. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КІУЭКІУЭ Казбек**

Налшык къалэ
2023 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№135-УГ

Енеев Т. М. и фэеплъыр мыкІуэдыжыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтым и лауреат, космонавтикэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа щІэныгъэлІ щэджащэ Енеев Тимур Магомет и къуэм и фэеплъыр мыкІуэдыжын папщІэ, «Тхыдэ къэхъукъащІэхэм, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм фІыщІэ къызэрымыкІуэхэр щызиІэ цІыху щэджащэхэм я фэеплъхэр мыкІуэдыжын щІыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №94-РЗ-м, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къыдэкІам, ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и «ДыгъафІэ къалэ» сабий творчествэмкІэ академие» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет ІуэхущІапІэм егъэщІылІа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Гъуазджэм, спортым, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм къыщыхэжанык1 сабий зэчиифІэхэр къэзыгъэнаІуэ икІи абыхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъу «Антарес» и щІыналъэ центрым Енеев Т. М. и цІэр фІэщын икІи абы зэреджэр мыпхуэдэу гъэувын - Енеев Т. М. и цІэр зезыхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и «ДыгъафІэ къалэ» сабий творчествэмкІэ академие» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет ІуэхущІапІэм егъэщІылІа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Гъуазджэм, спортым, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм къыщыхэжанык1 сабий зэчиифІэхэр къэзыгъэнаІуэ икІи абыхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъу «Антарес» и щІыналъэ центр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм пщэрылъ щыщІын мы Указым и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа ІуэхущІапІэм и Уставым, щыІэ хабзэм тету, зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр къызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пщэрылъ щыщІын еджапІэ нэхъыщхьэхэу, щІэныгъэ организацэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щылажьэхэм щІэс студентхэу, аспирантхэу естественнэ, техникэ щІэныгъэхэр джынымрэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ а ІэнатІэм щегъэкІуэкІынымрэ зэфІэкІ къызэрымыкІуэхэр къыщызыгъэлъэгъуахэм папщІэ Енеев Т. М. и цІэр зезыхьэ стипендиехэр игъэувыну.

4. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КІУЭКІУЭ Казбек**

Налшык къалэ
2023 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№136-УГ

Жылагъуэ советыр хоплъэ

КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и унафэщІ Бечелов Ильяс зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ щІыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэм епха хабзэхэр зыхуэдэмрэ ахэр зэрырагъэфІакІуэ щІыкІэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жанатаев Салим, депутатхэр, советым хэтхэр.

Жанатаев Салим къыхигъэщащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхамрэ абы ипкъ иткІэ языныкъуэ къэралхэр Урысейм лъэпощхьэпо къыхуэхъуну зэрыхэтымрэ гугъуехьхэр къашэми, къэралым и экономикэр зэрызэпІэзэрытыр. «Урысейм ар зэрыхузэфІэкІыр куэдым къагурыІуэркъым, ауэ абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр къэралым и цІыхубэр зэрызэкъуэтырщ, ди пашэм и дэІэпыкъуныгъэхэрщ, щІыналъэ унафэщІхэм социальнэ, экономикэ Іуэхухэр тэмэму къызэрызэрагъэпэщырщ, - жиІащ Жанатаевым.

КъаІэта Іуэхум теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкІэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Войтов Алексей. Ар тепсэлъыхьащ экономикэ, хьэрычэт, инвестицэ Іуэхухэр егъэфІэкІуэным теухуауэ республикэм къыщащта законхэм, абыхэм я лъэныкъуэкІэ КъБР-м и Правительствэмрэ КъБР-м и Парламентымрэ зэрызэдэлажьэ щІыкІэм. Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтІауэ мы зэманым закон нэхъыщхьэу 16 республикэм къыщагъэсэбэп. 2020 гъэм и жэпуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщІ ІуэхухэмкІи зэрызэдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэр зэращІылІауэ щытащ. Мы зэманым комитетыр йолэжь «КъБР-м и сату-промышленнэ палатэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и проектым. 2024 гъэм КъБР-м и Парламентыр и гъатхэ зэхыхьэгъуэм зэлэжьынухэм къыщытеувыІэм, Войтовым къыхигъэщащ «Лъэпкъыбэ экономикэ зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэныр къызэгъэпэщыным ехьэлІауэ щІыпІэ унафэр зезыхьэ ІэнатІэхэр зэлэжьыпхъэхэр» законопроектыр абыхэм зэращыщыр, хэхакІуэхэм зэраІущІэ Іуэхухэми адэкІэ зэрыпащэнур.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ - проект лэжьыгъэмкІэ департаментым и унафэщІ ТІымыжь Хъусен жиІащ министерствэм и къалэнхэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 60-м нэблагъэкІэ гуэшауэ зэригъэзащІэр.

- Ди лэжьыгъэм и нэхъыбэр къызыдогъэпэщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и стратегие ухуэкІэм теухуауэ» КъБР-м и Законым тету. Абы ипкъ иткІэ къэрал программэхэр зэхэгъэувэнымрэ къэщтэнымрэ къызыдогъэпэщ. Мы зэманым къэрал программэу республикэм 27-рэ щагъэзащІэ, щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэну хуэдгъэфащэр гъэ къэс, республикэм и бюджетыр къыщащтэкІэ, зэхыдогъэувэ, - жиІащ къэпсэлъам.

ТІымыжьыр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ зыщегъэужьыным теухуауэ» КъБР-м и Законым. Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, уз зэрыцІалэр щыщыІа зэманым щегъэжьауэ гугъуехьхэр нэхъыбэ хъуауэ зэрекІуэкІами емылъытауэ 2023 гъэр еух, республикэм и экономикэм ехъулІэныгъэфІхэр иІэу. «Хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ къапщтэмэ, ахэри зэхъуэкІыныгъэ къэхъуахэм тэмэму хэзэгъэжащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, дызэрыт илъэсым и мазэ 11-м абыхэм къызэщІаубыдэ лэжьакІуэхэр цІыху мин 21-рэ мэхъу, - жиІащ ТІымыжьым. - ХьэрычэтыщІэхэм я бжыгъэми хэхъуащ - мин 15-м нос. КъищынэмыщІауэ, зи щхьэ хуэлажьэу зезыгъэтхахэми кІуэ пэтми къахохъуэ. Мы зэманым апхуэдэхэр республикэм цІыху мин 70-м щынэблэгъащ. Хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ зэрызиужьыр къэзыгъэлъагъуэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ абы къыхэкІ налогым щІыналъэм къыхуихь хэхъуэр зыхуэдэр. 2023 гъэм и мазипщІым республикэм и бюджетым хьэрычэт Іуэхум хэтхэм налог хэхакІэ къыхуахьар нэхъыбэщ нэгъабэрейм елъытауэ (ар зы меларддрэ мелуан 658-рэ мэхъу). Промышленностым къыщІигъэкІамкІи, сатумкІи, инвестицэхэмкІи хэхъуэхэр диІэну худогъэфащэ.

ЗэІущІэм хэтахэм я Іуэху еплъыкІэхэр жаІа нэужь, КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым зэлэжьыпхъэхэр игъэбелджылащ.

Хамэ къэралхэм хуаІэ зэпыщІэныгъэр

КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкІэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт ІуэхумкІэ и комитетым и зэІущІэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэпшыпхэмрэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ нэгъуэщІ къэралхэм зэрапыщІа Іэмалхэм зэрызрагъэужьым.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жанатаев Салим, депутатхэр, республикэм и министерствэхэм, Урысейм и Федеральнэ Антимонопольнэ ІэнатІэм и къудамэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм я лІыкІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкІэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Войтов Алексей къыхигъэщащ экономикэ, сату, туризм я лъэныкъуэкІэ республикэм адрей щІыналъэхэмрэ къэралхэмрэ къыдихьэхыфу щІыныр я къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэм хеубыдэ хьэпшыпхэмкІэ сату зэдэщІэным къищынэмыщІауэ, щІэныгъэ-техникэ ІуэхухэмкІэ зэдэлэжьэнри, зэгъусэу ІуэхущІапІэхэр къызэрагъэпэщынри, нэгъуэщІхэри.

Абыхэм я лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иІэ зэфІэкІым, иджыпсту зэлэжьхэм, экономикэмкІэ ІэщІагъэлІхэр зэрагъэхьэзырым, республикэм ирашымрэ хьэпшыпу къашэмрэ зыхуэдэм тепсэлъыхьа КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сату зэпыщІэныгъэхэр яхуиІэщ къэрал 71-м. 2021 гъэм къыщыщІэдзауэ абыхэм я бжыгъэм хэхъуащ проценти 7,5-кІэ. Нэхъыбэ дыдэу республикэр зыдэлажьэр, нэхъ ипэхэми хуэдэу, СНГ-м хиубыдэ къэралхэрщ (щІыналъэм ирашам и процент 80,4-р ахэращ зыхуэзэр), Беларусым - процент 20,5-рэ, Къэзахъстаным - процент 19,2-рэ, Узбекистаным - процент 14,1-рэ яІыгъщ. Хамэ къэрал нэхъ жыжьэхэм я гугъу пщІымэ, зыдэлажьэхэм ящыщщ Иранар, Тыркур, Куржыр, Монголиер.

Республикэм ирашым и процент 60-м щІигъур ерыскъыхэкІхэращ: хьэцэпэцэ гъавэ, нартыху, ІэфІыкІэ, фадэ, псы, нартыху крахмал, кхъуей лІэужьыгъуэхэр, Іусыпхъэхэр, лыхэкІ, хадэхэкІ. 2022 гъэм ебгъапщэмэ, мы гъэм щІыналъэм ирашар проценти 4,5-кІэ нэхъыбэщ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм къырашар - процент 18,5-кІэ.

КъБР-м мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министрым и къуэдзэ Чеченов Ислъам жиІащ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ Іуэхум хыхьэу, «Мэкъумэш ІэнатІэм къыщІигъэкІхэр нэгъуэщІ къэралхэм егъэшэн» проектым щІыналъэм зэрыщелэжьыр. МэкъумэшхэкІыу ирагъэшащ доллар мелуан 13,4-рэ и уасэ. 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу ерыскъыхэкІыу республикэм ирашам и уасэр псори зэхэту доллар мелуан 21,7-рэ мэхъу.

- «Мэкъумэш ІэнатІэм къыщІигъэкІхэр нэгъуэщІ къэралхэм егъэшэн» проектым хыхьэу, 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м Мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министерствэмрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІауэ щытащ, адрей щІыналъэхэм яшэну мэкъумэшхэкІхэр къыщагъэкІыну щІы Іыхьэхэр хэхынымрэ егъэфІэкІуэнымрэ тещІыхьауэ. Абы ипкъ иткІэ, 2023 гъэм къэрал дэІэпыкъуныгъэу сом мелуан 665,37-рэ федеральнэ бюджетым къыхигъэкІащ, - жиІащ къэпсэлъам.

КъБР-м зыгъэпсэхупІэхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Къаскъул Виолеттэ жиІащ мы зэманым ІуэхущІапІэр жыджэру зэрелэжьыр хамэ къэрал зыбжанэм хуаІэ зэпыщІэныгъэхэр ирагъэфІэкІуэным. «Псом япэу гулъытэ хэха худощІ Беларусым зэгурыІуэныгъэкІэ дызэрыдэлэжьэнум. Псалъэм папщІэ, зэман гъунэгъум ди мурадщ Монводы къалэм деж щыІэ аэропортымрэ гъущІ гъуэгу зэпыщІэныгъэхэмрэ зэтедублэжыну. 2024 гъэм и мэлыжьыхьым Минск къалэм щекІуэкІыну «ЗыгъэпсэхупІэ - 2024 гъэ» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэми дыхэтынущ. Апхуэдэ Іуэхухэр щхьэпэщ щІыналъэм и туризмэм зыщиужьыным. КъищынэмыщІауэ, Урысей Федерацэм Китаймрэ Иранымрэ ярищІылІа зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ, лэжьыгъэ пыухыкІахэр идогъэкІуэкІ», - жиІащ Къаскъулым. Ар къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ 2023 гъэм фокІадэм и 20 - 26-хэм Иран Республикэм щылажьэ туроператорхэм папщІэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм зэхыхьэшхуэ зэрыщрагъэкІуэкІам. Иранымрэ я туроператорипщІым я лІыкІуэхэр щыІащ Ставрополь щІыналъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн, Дагъыстэн республикэхэм. Псом хуэмыдэу лъэныкъуэхэр зытепсэлъыхьар къэралхэм я кхъухьлъатэ зэпыщІэныгъэхэр зэрызэтраублэну, зэрырагъэфІэкІуэну Іэмалхэрщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

Москва щызэхуэзащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид Москва щахуэзащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Решетников Максимрэ министерствэм щылажьэхэмрэ.***

ЩЫЗЭПСАЛЪЭМ къагъэлъэгъуащ Урысейм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ екІуэкІа Линие занщІэм хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ я жэрдэмыр дэІыгъыным ехьэлІауэ къыхилъхьахэр зэрыпхагъэкІынур. Апхуэдэуи къытеувыІащ щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кърикІуахэм икІи къыхагъэщащ КъШР-м мазипщІым зэфІахахэр щызэхалъхьэжым къызэригъэлъэгъуамкІэ, ехъулІэныгъэхэр зэраІэр.

Ахэр тепсэлъыхьащ Къэрэшей-Шэрджэсым и экономикэм къыдэкІуэу, инвестицэ Іуэхуми зегъэужьыным. Нэхъыщхьэу къаІэтахэм ящыщщ транспортым пыщІа проектхэр республикэм щыпхыгъэкІыныр. Къапщтэмэ, Архъыз щІыпІэм къыпэзыкІуэхь гъуэгу, аэропорт ухуэныр. Я мурадщ а лэжьыгъэхэм 2024, 2025 гъэхэм щІадзэну.

Лъэныкъуэхэр зэгурыІуащ турист ІэнатІэм пыщІа проектхэм зрагъэужьыну, а лэжьыгъэм ехьэлІахэм пащэну.

КъШР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищІащ министрым, абы и къуэдзэ Назаров Сергейрэ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и гупымрэ республикэм и социально-экономикэ ІэнатІэхэм зегъэужьыныр, лэжьыгъэ ІэнатІэщІэхэр къызэгъэпэщыныр, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр къызэрыдаІыгъым папщІэ.

Илъэсым и зэманым емылъытауэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат, Москва ВДНХ-м щыІэу, хэтащ «Хъуэпсап1эхэм я псей» урысейпсо псапащІэ Іуэхум. Фигу къэдгъэкІыжынщи, Урысейм и Президент Путин Владимир къригъэжьа мы Іуэху гуапэр хабзэ хъуауэ, 2018 гъэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІ. Мурат жиІащ абы лъандэрэ щытыкІэ гугъум къихута сабий минхэм я хъуэпсапІэхэр къазэрехъулІар.***

КЪУМПІЫЛ Мурат ХъуэпсапІэхэм я псейм къыфІихащ Мейкъуапэ щыпсэу, лъакъуэрыгъажэщІэм щІэхъуэпс, илъэс 13 зи ныбжь Ксение и тхыгъэр. Апхуэдэуи гитарэ Іэрыхьэнущ Адыгейр къуэш дэІэпыкъуныгъэкІэ зыпыщІа Херсон щІыналъэм щыщ, илъэс 15 зи ныбжь Софие.

- ТхузэфІэкІ тщІэнущ, сабийхэм, псом хуэмыдэу щытыкІэ мытыншым къихутахэм, апхуэдэуи дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ я унагъуэхэм ящыщхэри хыхьэу, зыщІэхъуэпсхэр яІэрыхьэн папщІэ. Дегугъунщ ныбжьыщІэхэм я гъащІэр нэхъыфІ зэрытщІыным, илъэсым и зэманым емылъытауэ. Дэ насыпыфІэу дыщытынущ, зи нэгур зэІуха, гуфІэ сабийхэр ди хъуреягъкІэ щытлъагъумэ, - жиІащ Адыгейм и Іэтащхьэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЛІыкІуэхэм я зэІущІэ

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щекІуэкІащ мылъку къегъэщІыным емыпха зэгухьэныгъэхэм я зэІущІэ.

ЗЭІУЩІЭР Іыхьитху ягуэшат. Къызэхуэсахэр япэу тепсэлъыхьащ республикэм жылагъуэ институтхэм зыщегъэужьыным. ЕтІуанэу къаІэтащ мылъку къегъэщІыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр нэгъуэщІ щІыналъэхэм щекІуэкІ Іуэхухэм гупсысэкІэ, лэжьыгъэкІэ зэрыхыхьэфым. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Берд Хьэзрэталий, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министр КІурашын Анзор, ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ КъБР-м и Уполномоченнэ Зумакулов Борис. Ар къызэІуихащ «Егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм зэпыу имыІэу щыхагъахъуэ центр» къэрал ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къэжэр Артур.

- Илъэс зыбжанэ хъуауэ илъэсыщІэм и пэ къихуэу КъБР-м Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм ирегъэкІуэкІ мылъку къегъэщІыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэІущІэ. Абы къыщаІэт республикэм дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхухэр. Къэрал властым, муниципалитетхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр абы щызопсалъэ нэхъыщхьэу зэманым къигъэув Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ, - жиІащ Къэжэрым.

Хъубий Марат зэІущІэм къыщеджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм зэрызыхуигъэзэ и псалъэм:

«Мылъку къегъэщІыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэу КъБР-м щыІэхэр цІыхубэм я гъащІэр нэхъ тынш хъун папщІэ щхьэпэщ Іуэхухэр къыщаІэт, хэкІыпІэхэр къыщалъыхъуэ утыку хъуащ зэман кІэщІым къриубыдэу.

Жылагъуэ институтхэр цІыхубэм я гъащІэр егъэфІэкІуэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм ущытепсэлъыхь; властыр, мыкоммерческэ зэгухьэныгъэхэр, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэр щызэдэлажьэ; жылагъуэр зэрыубыдынымкІэ тегъэщІапІэ хъу; жалагъуэ гупсысэхэр щыпхагъэкІ, цІыхубэр зыІууэ лъэпощхьэпохэр щагъэзэкІуэж утыку щхьэхуэ щыхъуащ ди гъащІэм. Нобэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ псэр къулей щІынымкІэ. ахэр сэбэп мэхъу псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкІэ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІахэм я зэхуэщытыкІэр гъэбыдэнымкІэ. Республикэм и унафэщІхэм сытым дежи защІегъакъуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. ЗэІущІэр Іэмалыфlщ абы хэтхэр зэчэнджэщынымкІэ, лъэпощхьэпохэм хэкІыпІэ къыхуагъуэтынымкІэ. ФефІэкІуэну ди гуапэщ», - жеІэ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Берд Хьэзрэталийрэ Зумакулов Борисрэ тепсэлъыхьащ зэгухьэныгъэхэм я лІэужьыгъуэхэм, я мыхьэнэм, я пщэ дэлъ къалэнхэм.

Сэхъурокъуэ Хьэутий зэІущІэм хэтхэр къыхуриджащ гъатхэпэм екІуэкІыну хэхыныгъэхэм Путин Владимир папщІэ Іэ яІэтыну.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъащ1эр хъумэнырщ нэхъыщхьэр

КъБР-м и Парламентым и Президиумым щекIуэкIа «правительствэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ «Граждан зыхъумэжыныгъэм и Iуэхук1э» Федеральнэ законымрэ «КъБР-м граждан зыхъумэжыныгъэм и IэнатIэм щызекIуэ зэхущытыкIэхэр зэтес щIыным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законымрэ гъэзэщIа зэрыхъум.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР Iуэхум кууу хигъэгъуэзащ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм граждан зыхъумэжыныгъэм, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжынымрэ егъэщIылIа Iуэхухэмк1э и департаментым и унафэщI **Къэрмокъуэ Заур**. НаIуэу зэрыщытщи, а министерствэрщ зи гугъу тщIы IэнатIэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм жэуап щызыхьыр. Къэрмокъуэм депутатхэр щигъуазэ ищIащ граждан зыхъумэжыныгъэм ехьэлIауэ республикэм щагъэува хабзэхэмрэ пщалъэхэмрэ. Абы и гугъу ищIащ цIыхухэм хъыбар зэрырагъащIэ IэмэпсымэхэмкIэ, ахэр хъумэным хуэгъэза псэуалъэхэм, мы Iуэхум КъБР-м щрагъэщIылIа къарухэр зыхуэдизым.

2023 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу Урысейм и МЧС-м и нэIэ тету Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыIэщ граждан зыхъумэжыныгъэм хуащIа псэуалъэу 644-рэ. Къэпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ абыхэм ящыщ куэд жьы зэрыхъуар е къэгъэщIэрэщIэжын зэрыхуейр. Ауэ цIыхухэр яхъумэным хуэгъэпса псэуалъэхэу, IэмэпсымэхэкIэ щIыналъэм щыIэхэр хьэзыру щыгъэтыным ахъшэшхуэ токIуадэри, а къалэныр гъэзэщIэгъуей мэхъу.

Мыбдежым къыщыхигъэщхьэхукIащ Урысейм и МЧС-р зи гугъу ищI псэуалъэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ я щытыкIэм нэхъ ткIийуэ бгъэдыхьэ зэрыхъуам къыхэкIыу ди республикэм и щIыналъэм ахэр зэманым егъэкIуным къаруушхуэ щрахьэлIэн зэрыхуейр. Апхуэдэу цIыхухэм зыщагъэпщкIуфыну, ахэр зыхъумэну псэуалъэхэри мащIэщ. Гузэвэгъуэ къыкъуэкIмэ, цIыхухэм щIыунэхэм е абы ещхь гуэрхэм зыщагъэпщкIу. Мы зэманым апхуэдэхэу республикэм мини 10-м щIигъу щыIэщ.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэр Урысейм и МЧС-м КъБР-м щиIэ и Управленэ нэхъыщхьэм и гъусэу йолэжь абыхэм я бжыгъэр гъэтэмэмыным.

Республикэм граждан зыхъумэжыныгъэм и къарухэм я гупышхуэ щызэщIагъэуIуащ. Абы хохьэ псори зэхэту цIыху мини 5-рэ 713-рэ, техникэ зэмылIэужьыгъуэу 984-рэ. Я къалэнхэр ягъэзэщIэным хуэхьэзырщ мафIэсым пэщIэтыным хуэунэтIа федеральнэ IэнатIэм и гуп щхьэхуэу 15, КъБР-м мафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал IуэхущIапIэм и гуп 11, къегъэлакIуэ гупу 5, граждан зыхъумэжыныгъэм егъэщIылIа Iуэхухэм штатым хэмыту елэжь гуп 253-рэ.

КъБР-м граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ и IэнатIэм щыпэрыт къарухэр хьэзыру щытын папщIэ зэпымыууэ зыгъэсэныгъэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкI. 2023 гъэм мафIэсгъэунк1ыфIхэм псори зэхэту апхуэдэ зыгъэсэныгъэ Iуэхуу 40-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ.

Граждан зыхъумэжыныгъэм и IэнатIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэхэм ящыщу IэщIагъэлIым къилъытащ автоматикэ Iэмэпсымэр я лъабжьэу цIыхухэм хъыбар зэрырагъащIэ щIыкIэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а Iэмэпсымэхэр жьы хъуащ икIи зэманым къигъэувхэм езэгъыжыркъым.

- Зи гугъу тщIы Iэмэпсымэхэм пкъыралъхьэ пкъыгъуэхэр щIэхэмкIэ зэрахъуэкIын яхузэфIэкIакъым, апхуэдэхэр иджы къызэрыщIамыгъэкIыжым къыхэкIыу. Арати, КъБР-м КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ, абыхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ и комиссэм и зэIущIэм унафэ къыщащтащ жьы хъуа техникэр зэпкърахыу цIыхухэм хъыбар езыгъащIэ IэмэпсымэщIэ ягъэувыным теухуауэ. 2023 гъэм и еплIанэ мазищым щыIа уасэхэмкIэ абы сом мелуан 390-м щIигъу текIуэдэнущ, - къыхигъэбелджылыкIащ къэпсалъэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм пщэрылъ къызэрыщищIам тету мы зэманым министерствэм зэхилъхьащ IэнатIэр зэкIэлъыкIуэу иригъэфIэкIуэн папщIэ лэжьыпхъэхэр. Ахэр гъэзэщIэным яужь ихьакIэщ.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыпсэлъащ УФ-м Граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ икIи къулейсызыгъэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ **Анаев Мыхьэмэт**.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэ къеIыхыным пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** къыхигъэщхьэхукIащ депутатхэр зытепсэлъыхь законыр гъэзэщIа зэрыхъум зэрыкIэлъыплъыр икIи абы халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэр етIуанэ еджэгъуэм зэрыхуагъэхьэзырыр. Зи гугъу ящIа Iэмэпсымэр ягъэувыным республикэм и бюджетыщIэм сом мелуан 300-м щIигъу хухахыну къыщагъэлъэгъуащ.

Президиумым и зэIущIэм апхуэдэу и гугъу щащIащ КъБР-м и Парламентым 2024 гъэм и гъатхэ сессием нэхъыщхьэу зыщыхэплъэну Iуэхухэм. Абы къыдэкIуэу депутатхэм унафэ къащтащ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкI лэжьыгъэм къыхэжаныкIа зыбжанэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр яхуэгъэфэщэным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

ЛIыфI нэщэнэ

Лъэпкъым щхьэ лъытэныгъэ зыхуигъэфащэр зи IэщIагъэр хьерым хуэзыгъэлъащэрэ зи щIэныгъэр фIым хуэзыгъэлажьэ цIыхурщ. Мы тхыгъэр зытеухуа лIыфIми хузэфIэкI къигъэнакъым зыпэрыта IэнатIэм и щхьэпэ цIыхухэм яригъэкIын, къыщыгугъым защIигъэкъуэн папщIэ. Зи гугъу тщIыр цIыху гуащIафIэ, унафэщI щыпкъэ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ, къэрал лэжьакIуэ, щIэныгъэлI Къалэ Замир Iэуес и къуэрщ.

КЪАЛЭ Алий и къуэ Iэсхьэдрэ Маргъущ Хьэдул ипхъу Забинэтрэ я унагъуэщIэм щымыгуфIыкIа щIагъуэ щыIэкъым, жыпIэмэ ущыуэнукъым. Дауэ умыгуфIэнрэт, Iэсхьэд лэжьыгъэм щымышынэ, зызрипщыт сыт хуэдэ Iуэхури IэкIуэлъакIуэу зэфIэзыгъэкI, зыхыхьэм къахэщ, ныбжьэгъур зи бэ щIалэ гъэщIэгъуэну и хъыбарыр Балъкъ псыхъуэ дэлъмэ?! Ар Iэщ гъэхъуними хэзагъэрт, бжьэ зехуэними ехъулIэрт, къигъэпсэлъа къыпфIэщIу, пхъэми IэпэIэсэу фIыгъуэбэр къыхищIыкIырт, гъукIэ цIэрыIуи къищIыкIат. Забинэт цIыхубз дахэт, ауэ ар зи напщIэ телъхэм ящыщтэкъым. Ар IэпщIэлъапщIэт, зыхуэмыIэижь щымыIэу и хъыбарыр цIыхухэм зэIэпахырт. ЗэраIуэтэжымкIэ, къармэхьэблэ щIалэхэм къыхалъхьэри, къэптал щIынкIэ къуажэдэс хъыджэбзхэр зэпрагъэуэгъат - къыхэжаныкIа хъыджэбзитIым язырыр Забинэтт. Къэпталыр зыхуагъэфащэм и цIэр кърaIуэну щыхагъэзыхьым, зы хъыджэбзым и IэщIагъэр гу зыхуищIа щIалэм иритыну зэрыхуейр хуэбзыщIакъым, Забинэт ищIар абы хуэныкъуэ и къуажэгъу щIалэм тыгъэу иритащ. Маргъущхэ я пхъум ищIам куэд къыдихьэхат. Арагъэнущ Забинэт щIэупщIэ и куэду, нысэу къехъуапсэр нэхъыбэжу щIыщытар. Ауэ къылъыхъу псоми цIыхубз цIыкIум къахихар гъунэгъу Бабыгуей къуажэм щыщ Къалэ Iэсхьэдт. ЩIегъуэжакъым псэуэгъу зэхуэхъуа ныбжьыщIитIыр: кIыхьу зэдэпсэуащ, щIэблэ хъарзыни - щIалиплIрэ хъыджэбзитIрэ - къащIэхъуащ.

Iэсхьэдрэ Забинэтрэ я бынхэми фIыуэ зыхащIэрт къэзылъхуахэм къыхуащI пщIэр лъагэу къэIэтынымкIэ пщэдэкIыж ин зэрахьыр. Адэ-анэмкIэ быныр зэхуэдэу нэхъуеиншэми, зыми хуэдэжтэкъым зэшхэм я курыт Iэуес. Куэд къызэримыгъэщIэнур и псэм ищIэ нэхъей, илъэс 45-рэ хуэдизщ абы къипсэуар, Iэуес къэзылъхуахэмкIи цIыхумкIи гуапэт, пэжт, хьэлэлт, ягу къинащ абы хэлъа цIыхугъэмрэ зэрихьа гумащIагъэмрэ. Дуней тетыкIэ дахэм и щапхъэу Iэуес къигъэнар и щIалэхэм ноби гъуазэ яхуохъу.

Iэуес и жьауэр къыщIэна быным ящхьэщигъэкIакъым абыхэм я анэм. КъамылыкъуэкъуажэмщыщТау Курал цIыху пэжу къыщIэкIащ икIи я щIалитIым - Толэрэ Замиррэ - цIыху нэс къазэрыхищIыкIыным лъэкI къимыгъанэу телэжьащ. Ар и гъащIэр егъэджэныгъэм пыщIауэ, щIэблэр гъэсэным епхауэ къихьащ. Курал цIыху гъэщIэгъуэну, акъыл жану, губзыгъэу, куэдым хэзышIыкI нысэ жыджэрущ зыхэса Къалэхэ ягу къызэринар - хуэмыарэзырэ и цIэр дахэкIэ къизымыIуэрэ яхэткъым. ЦIыху зыпI цIыху уасэ хон, жаIэ. ЦIыхубзым гугъуехьым зригъэщIыкIакъым, щIалэхэр иригъэджащ, IэщIагъэ яритащ, я ехъулIэныгъэхэм ирипагэу, я хъыбарыфIхэм и щхьэр лъагэу ирагъэIэту псэуащ.

Къалэ Замир нэхъыбэм къызэрацIыхур жэрдэмщIакIуэущ, зыпэрыувэ IэнатIэм щыIэ щыщIэныгъэхэр гъэкIуэдыным, хэлъ фIыхэр къэIэтыным ехьэлIауэ гукъэкI хьэлэмэтхэр къыхэзылъхьэ цIыху жыджэрущ.

«ЦIыху къызыхэкIынур цIыкIу щыкIэ къыболъагъу. Замир сэр нэхърэ нэхъыщIэми, и гулъытэр здынэсымрэ и гупсысэм къитIасэмрэ я инагъыр сымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым. Плъагъум елъытауэ къыщIэкIынущ плъэкIыр. Куэдым яхыхьащ, щыIэныгъэпсэуныгъэм ехьэлIауэ зэригъэпщэн иIэщи, и акъылымрэ и IэнатIэмрэ зэригъэувэлIэфыну, и щхьэпагъэ цIыхухэм яригъэкIыну Тхьэм Замир зэфIэкI къритащ. Нэхъыжьым хуэфащэри IэщIэхуркъым, нэхъыщIэр зыхуейри щыгъупщэркъым - дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ зырыз къахуегъуэт. Лъэпкъым Iуэху иIэу зыхигъэныркъым, щIэгъэкъуэн хуэныкъуэм зыщидзейркъым, и псалъэ къэзылъыхъуэм зыщигъэпщкIуркъым. Адэ-анэм яхуэфащэр лъэпкъми хуэфащэщи, сыхуэарэзыщ», - жеIэ Замир хуиIэ щытыкIэ гуапэр гум къыбгъэдэкI псалъэхэмкIэ щIэзыгъэбэдыж, абы и адэ къуэшым и къуэ Iэлисэхь.

Къалэм къыдэгъуэгурыкIуэ цIыхухэм жаIэ абы хэлъэт зэриIэр, жэрдэм къыхэзылъхьэм гурэ псэкIэ зэрадиIыгъыр, ар зэфIэха хъун папщIэ фIэщхъуныгъэ зэраритыр. Апхуэдэт ар курыт еджапIэм щыщIэсами, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщеджами, Жылагъуэ-политикэ IуэхухэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щыщыIами. Замир КъБКъУ-м и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару къыщIидзащ, еджапIэм и парткомым, иужькIэ партым Налшык къалэм щиIэ комитетым и IэщIагъэлIу лэжьащ. И лэжьыгъэм щIапхъэу хэлъ псоми Къалэр хунэсырт, лъэданэ ина Iуэхугъуэхэм я хэкIыпIэр къигъуэтырт. Къалэныр защIэмэ, Iуэхури ефIэкIуэнкъэ - унафэщIхэми абы гу лъамытэу къэнакъым. Зыр зым иужь иту абы къыхуагъэфащэу хуежьащ къэрал IэнатIэ зыбжанэ.

Къэрал ухуэкIитIым я зэблэкIыгъуэм ирихьэлIащ Къалэ Замир и лэжьэгъуэр. Жьыр къута щхьэкIэ, щIэр зэфIэуватэкъым. Жылагъуэ гъащIэм зэIумыбз куэд хэтт: экономикэр зэрыуэзэрыбг хъуат, ар къэзыIэтыну IэщIагъэлIхэр IэнатIэхэм яхурикъуртэкъым, лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр зы мащIэ тIэкIум къызэщIигъэплъэрт. Апхуэдэ щытыкIэм итт хэгъэгур, 1991 гъэм КъБР-м и вице-президентым и дэIэпыкъуэгъуу ар щагъэувам. Арыххэуи, псэукIэр егъэфIэкIуэным, жылагъуэм и экономикэ гъащIэр къэIэтыным, демократием къихь зэхъуэкIыныгъэхэр щыIэныгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ хэухуэнэнымкIэ IэмалыфI иIэ хъуащ Къалэм.

А илъэсхэм жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щигъуэтат лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм епха Iуэхухэм. Зыщыщ лъэпкъ, зэрыпсалъэ бзэ, зэрахьэ дин елъытауэ зэхэгъэж къэмыгъэхъуныр щIэж ин зиIэ икIи зи экономикэ зыужьыныгъэр лъагэ жылэхэм я нэщэнэщ. Абы къикIкъым лъэпкъ гупсысэри анэдэлъхубзэри IэщIыб щIын хуейуэ, атIэ ар теухуащ лъэпкъ политикэ зэпэшэча щыIэн зэрыхуейм, ар мамырыгъэм и фащэу къызэрыщтапхъэм. Аращ, шэч хэмылъу, Замир КъБР-м IэпхъуэшапхъуэнымкIэ и къулыкъущIапIэм и унафэщIу щIытрагъэувари. ЩIэх дыдэ ар и къулыкъукIэ дэкIуеящ - абы къыхуагъэфэщащ УФ-м Федерацэ IуэхухэмкIэ, лъэпкъ икIи Iэпхъуэшапхъуэ политикэмкIэ и министерствэм и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI къалэныр.

Къалэ Замир щалъхуа Дзэлыкъуэ щIыналъэм 2001 гъэм егъэзэж икIи щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и Iэтащхьэу хах. Зи экономикэр дэхуэха щIыналъэр абы пIалъэ кIэщIым къриубыдэу къиIэтащ, бгъэдэлъ щIэныгъэр къигъэсэбэпурэ, мэкъумэш IэнатIэм зыужьыпIэ хуэхъуну Iэмалхэр къыхилъхьащ. ЩIэныгъэр тегъэщIапIэ зыхуищIа Iуэху щIэкIэм и фIыгъэкIэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм ерыскъыпхъэхэм елэжь IуэхущIапIэхэр мымащIэу къыщызэIуахыу щIадзащ, хьэрычэтыщIэ цIыкIумрэ курытымрэ лъэ быдэкIэ щыуву хуежьащ. Абы зыхищIэрт псэуныгъэр зэIузэпщ умыщIауэ цIыхум зэрызимыузэщIынур, и щэнхабзэми зэрызыкъимыIэтынур. Арат абы цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей социальнэ Iуэхухэм и нэIэ щIатригъэтыр. КърахьэлIэ гуныкъуэгъуэхэм Къалэр щIэдэIурт, ятрищIыхь унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъуми ткIийуэ кIэлъыплъырт.

Апхуэдэу лажьэурэ Къалэм КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу къулыкъур дзыхь къыхуащIащ. Абы иужькIэ ар ягъэуващ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министру. Къалэм фIыуэ къыгурыIуэрт щIыпIэм и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэм щIыналъэм мылъкушхуэ къызэрыхуихьыфынур. Абы и жэрдэмкIэ зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм я нэхъыбэм лэжьэн щIадзэжащ. Апхуэдэу IуащхьэмахуэлъапэзыгъэпсэхуакIуэхэмрэзыплъыхьакIуэхэмрэ уэру къакIуэу, зыгъэпсэхупIэхэр зэрагъэпэщыжу щIыхуежьар Къалэм и гукъэкIрэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэрщ. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризм IэнатIэм зиужьыным хуэунэтIа къэрал унафэ зыбжанэ къэщтэным Къалэм и гуащIэ хэлъщ.

КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и УнафэщIым и къалэнхэр щигъэзэщIаи, КъБР-м и Iэтащхьэм и Iуэхухэр зезыгъакIуэ секретариатым и унафэщIу щыщытаи, Замир и пщэ къалэнышхуэ зэрыдэлъыр зыхищIэу лэжьащ.

Жылагъуэ-политикэ IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм нэхърэ нэхъ мащIэкъым Къалэ Замир щIэныгъэм щызэфIигъэкIари. Ар экономикэ щIэныгъэхэмкIэ докторщ, профессорщ, Урысейм естествознание щIэныгъэхэмкIэ и академием и академикщ. И къалэмыпэ лэжьыгъи 100-м щIигъу къыщIэкIащ. Экономикэ щIэныгъэм зэIубз щымыхъуа Iуэхугъэм - бюджет зэхущытыкIэхэм, финанс-экономикэ хуитыныгъэхэм, иджырей ахъшэхэм макроэкономикэм щагъэзащIэ къалэнхэм - теухуащ ахэр. Замир иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр хамэ къэралхэм, УФ-м, КъБР-м къыщыдэкI экономикэ журналхэм къытехуащ, щIэныгъэ дунейми щIэупщIэ щаIэщ. Жылагъуэ экономикэм зиужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ Урысейм естествознание щIэныгъэхэмкIэ и академием «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыхуигъэфэщащ, Вернандский Владимир и цIэр зезыхьэ дыжьын медалыр кърatащ.

IуэхукIэ гъэнщIа гъащIэ дахэ езыхьэкIа къэрал лэжьакIуэм нобэ зегъэпсэху. Адыгэ хабзэрэ зэгурыIуэрэ зэрылъ унагъуэ узыншэ зэдаухуащ Замиррэ и щхьэгъусэ Руфиерэ. Иджы ахэр я бынитхум - Хьэсен, СулътIан, Iэуес, Ирэ, Ирадэ сымэ - я насыпкIэ мэпсэу. Адэжьхэм я пащхьэ Замир щиIэ къалэнхэр игъэзэщIауэ жыпIэ хъунущ. Аращ Замир гъащIэм щIыхуэарэзыр. Ди гуапэщ лъэпкъри жылэри зыгъэинын щIэблэ узыншэ къыщIэувэну, абыхэм ящыгуфIыкIыу куэдрэ дунейм тетыну.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

● Фэеплъ

Лъэпкъыр зэрыгушхуэт

Лъэпкъ щIэныгъэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. 2023 гъэм и дыгъэгъазэм и 16-м и ныбжьыр илъэс 94-м иту дунейм ехыжащ бзэ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, абы и къэкIуэнум псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьа лъэпкъ IэщIагъэлI пажэхэм, цIэрыIуэхэм ящыщ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта Апажэ Мухьэмэд Лэкъумэн и къуэр. Еджагъэшхуэр ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием, АкмеологиемкIэ Дунейпсо академием я академикт, хэкупсэ нэсу зи гъащIэр езыхьэкIа адыгэлI щыпкъэт. Апажэр ящыщащ къыщалъхуа жылэм, къызыхэкIа лъэпкъым, адэжь щIыналъэм я пщIэр лъагэу зыIэта, зи гъащIэри, зи къарури, зи зэфIэкIри зыбгъэдэт Iуэхум тыхь хуэзыщIа, Iэужь купщIафIэ зи щIыбагъ къыдэлъ, зи цIэфIыр ди къэралым нэмыщI, дуней псом щызэлъащIыса цIыху щэджащэхэм.

АПАЖЭ Мухьэмэд Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ жылэм къыщалъхуащ 1930 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м. Абы и адэ Лэкъумэн и гъащIэр мэлыхъуэ лэгъупэжьу ирихьэкIащ, гуащIэдэкI лэжьыгъэм, гугъуехьхэм къапимыкIуэту, а щапхъэми тету игъэсащ и бынхэр. Адэм лъэкI къигъэнакъым къыщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэ яригъэгъуэтын папщIэ. Мухьэмэд и къуэш нэхъыжь Нэжмудин егъэджакIуэ IэщIагъэр рабфакым щызригъэгъуэтащ, жылэм дэт курыт школым щыIащ, бзэмрэ литературэмрэ ныбжьыщIэхэм яригъэджу, апхуэдэуи цIыкIухэм музыкэмкIэ ядэлажьэу. ГъащIэ гъусэ хуэхъуа IэщIагъэр къыхихынымкIэ и шынэхъыжьыр щапхъэ хуэхъуауэ щытащ Мухьэмэд. Апхуэдэу абы и гъуэгугъэлъагъуэт адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алимрэ филолог Iэзэ АбытIэ Мухьэбрэ.

1950 гъэм педучилищэр къиухри, Къэбэрдей пединститутым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Апажэм. Институтым и унафэщIхэм гу лъамытэу къэнакъым бзэмрэ литературэмкIэ щIалэщIэм зэфIэкI лъагэ зэрыбгъэдэлъым. Абыхэм я чэнджэщкIэ Мухьэмэд еджапIэ нэхъыщхьэм урысыбзэмкIэ и кафедрэм щылэжьэну къэнащ, еджэныр зэфIиха нэужь, къэхутэныгъэщIэхэми занщIэу дихьэхащ. Институтыр университет ящIыжу абы аспирантурэ къыщызэIуаха нэужь, ар яхэтащ абы япэу щIэтIысхьахэм. Абы и щIэныгъэ унафэщI хъуауэ щытащ университетым и проректор, бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Балъкъэр Борис. Кандидат диссертацэр щIэх дыдэу хьэзыр ищIащ Мухьэмэд икIи ар Москва СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ 1965 гъэм. Зэман дэкIри, а институт дыдэм Апажэ Мухьэмэд щыпхигъэкIащ щIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щызыгъуэта и доктор диссертацэри.

Университетым щызэфIих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ иным дэщIыгъуу Апажэм дапщэщи зэфIихащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ купщIафIэхэри. Ахэр ятещIыхьат урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ я зыужьыкIэхэм, абыхэм я зэхущытыкIэхэм, зэпыщIэныгъэхэм. А Iуэхугъуэхэм ятеухуа къэралпсо зэхуэсхэми дапщэщи жыджэру хэтащ щIэныгъэлI гумызагъэр, и Iуэху еплъыкIэхэр утыкушхуэм къыщигъэнаIуэу. Бзэхэм я зыужьыныгъэм епхауэ щIэныгъэлIым и къалэмыпэм къыпыкIа лэжьыгъэхэр куэд дыдэ мэхъу. Абыхэм ноби пщIэшхуэ щаIэщ щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, студентхэм, еджакIуэхэм я деж.

Псори зэхэту къапщтэмэ, монографиеу, бзэр зыджхэм я дэIэпыкъуэгъу тхылъу, псалъалъэу щIэныгъэлIым и къарум къитIэсащ 30-м щIигъу, бзэ щIэныгъэм и Iыхьэхэм ятеухуа тхыгъэ 300-м фIэкI. Абыхэм я нэхъыбапIэр адыгэбзэм, адрейхэр - урысыбзэм яхуэгъэзащ. Къэралым и щIэныгъэлIхэр псалъэ гуапэкIэ япэу къыпэджауэ щытащ 1971 гъэм къыдэкIа «Лексикография и классификация русских словарей» и тхылъым икIи Апажэр бзэм и къэхутакIуэ лъэщу къалъытащ. Апхуэдэу гулъытэшхуэ игъуэтащ «Типология словарей и читательских запросов к ним» тхылъми. Ар Финляндием щытрадза лэжьыгъэщ, иужькIэ Налшыки къыщыдэкIащ. Абыхэм къакIэлъыкIуащ «Русские энциклопедические словари» тхылъыр, нэгъуэщIхэри. А лэжьыгъэхэм къызэщIаубыдэ социолингвистикэр, бзэхэм я зэуIуныгъэр, лексикологиер, лексикографиер, псалъалъэ энциклопедиехэр зыхуэдэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIымрэ, урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ ятеухуа щIэныгъэм иIэ унэтIыныгъэхэр.

Апажэ Мухьэмэд и зэфIэкI лъагэм теухуа псалъэ гуапэ жаIащ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлIхэу филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Морковкин Валерий, бзэмкIэ щIэныгъэлI Дубичинский Владимир, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАН-м Кавказым ис лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ и институтым и къудамэм и унафэщI Климов Алексей, РАН-м БзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ нэхъыщхьэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Шагъыр Iэмин, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу, профессорхэу Дешериев Юрий, Щэрдан Iэбу, Текуев Мусса, Иуанокъуэ Нурбий сымэ, нэгъуэщIхэми. Илъэсипщ1 ипэкIэ, 2013 гъэм, дунейм къытехьауэ щытащ лъэпкъыр зэрыгушхуэ еджагъэшхуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжа «Апажэ Мухьэмэд и псалъалъэ дунейр» тхылъ гъэщIэгъуэныр.

Бгъэдэлъ щIэныгъэ куумкIэ ядэгуашэу, гъэсэныгъэрэ Iэзагъырэ яхилъхьэу ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми нобэ щыпашэ IэщIагъэлI куэдым гъуэгу яритащ Апажэм, лекцэхэм къахуеджэу, спецкурсхэр иригъэкIуэкIыу. Абыхэм я фIэщыгъэхэм къыбжаIэ яIэ мыхьэнэр зыхуэдэр: «Бзэхэр зэрызэдэлажьэ щIыкIэр», «Урысыбзэр щаджкIэ анэдэлъхубзэм и мардэхэр къэлъытэн зэрыхуейр», «ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъэкIуэкI бзэщIэныгъэ къэхутэныгъэхэр», нэгъуэщIхэри. КъинэмыщIауэ, хамэ къэралхэми и зэфIэкI лъагэхэр щигъэлъэгъуащ адыгэ щIэныгъэлIым. Чехословакием, Кубэм, Финляндием я еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэм Апажэр къахуеджащ абыхэм гукъинэж ящыхъуа спецкурсхэм. Мухьэмэд жыджэру хэтащ икIи куэдрэ я къызэгъэпэщакIуэ хъуащ бзэщIэныгъэхэмкIэ екIуэкIа дунейпсо конгрессхэм, конференцхэм, симпозиумхэм. Абыхэм ящыщщ Гаванэ (1978 гъэ), Хельсинки (1986), Тампере (1987), Ювяскюль (1988), Симферополь (1991), Налшык (1993, 2000, 2003), Псыхуабэ (1996, 2004), Тбилиси (1998), Сыхъум (1999), Мейкъуапэ (2006) къалэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми щекIуэкIа зэхуэсхэр. Ди къэралым икIа егъэджакIуэ гупхэм я унафэщIу лажьэу, абы щIыхь пылъу иIэтащ ди лъэпкъ бзэщIэныгъэм и зэфIэкIхэр, хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм, псом япэу адыгэхэм, ди хабзэр дуней псом къаригъэщIэным.

Апажэр еш имыщIэу хуэлэжьащ лъэпкъым и къэкIуэнум, ди бзэм зригъэузэщIу, зригъэIэту, ар езыгъэфIакIуэ къарущIэ хилъхьэу. Жэрдэм ищI Iуэху псори нэхъыжьыфIым даIыгъащ и щIыбагъ къыдэт унагъуэм: и щхьэгъусэ Равидэрэ абыхэм къащIэхъуа щIэблэмрэ.

Лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным илъэс куэдкIэ хьэлэлу хуэлэжьа еджагъэшхуэм, IэщIагъэлI нэсым, щIэныгъэлI цIэрыIуэм и фэеплъ нэхур сакъыу яхъумэнущ къыщIэна унагъуэм исхэм. Апажэр куэдрэ ягу илъынущ абы къыдэлэжьахэм, иригъэджахэм, ныбжьэгъуу иIахэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

ЩIыналъэм и хирургиер

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм штатым хэмыт и хирург, Вишневский А.В. и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ медицинэ къэхутакIуэ центрым и унафэщI, академик Ревишвили Амиран.

IЭЩIАГЪЭЛIЫМ зригъэлъэгъуащ Республикэ клиникэ сымаджэщымрэ Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №1-мрэ щекIуэкI лэжьыгъэр. Абы зыщигъэгъуэзащ сымаджэр япэу зрашалIэ къудамэм щегъэжьауэ реанимацэм деж щиухыжу IэнатIэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрыщызэгъэпэщам.

- Нобэ хирургием фIыуэ зиужьащ, япэхэм ещхьу операцэ щащIкIэ ину зэгуаупщIыкIыркъым, дыркъуэшхуэхэри Iэпкълъэпкъым къытенэркъым. Иджыпсту дэнэкIи къыщагъэсэбэпыр эндоскопие, лапароскопие Iэмалхэращи, гъуанэ цIыкIу фIэкIа ямыщIу Iуэхур зэфIагъэкI. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ а Iэмалыр япэу лэжьыгъэм къыщызыгъэсэбэпын щIэзыдзахэм икIи къыхэзгъэщыну сыхуейщ фи республикэм цIыхухэм щагъуэт хирургие дэIэпыкъуныгъэр къэралым щынэхъыфIхэм зэрахэтыр. ЕтIанэгъэ Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм щIыналъэхэм лапароскопие хирургиемкIэ зыщегъэужьыным сом мелард 16 хухихынущ, - жиIащ Ревишвили Амиран.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам къыхигъэщащ Республикэ клиникэ сымаджэщым сымаджэхэр япэу зрашалIэ къудамэщIэ зэрыщаухуэр. Ар къатиблу зэтет хиругие къудамэмрэ Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ щIыналъэ центрымрэ я зэхуакум дэтынущ. Сымаджэщым и унищри - щхьэ зытелъ зэпрыкIыпIэкIэ зэпыщIауэ щытынущ, абы ипкъ иткIи сымаджэ хьэлъэхэр здагъэкIуэну къудамэхэм нэхъ тыншу яшэнущ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм я фIыгъэкIэ пIэщIэгъуэкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм нэхъ псынщIэу Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэфынущ.

Апхуэдэу а махуэхэм Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ №1-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм штатым хэмыт и хирург нэхъыщхьэхэр зыхэт зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм хирургие дэIэпыкъуныгъэр къызэрыщызэгъэпэщам, коронавирус узыфэ зэрыцIалэр къызэуза сымаджэхэм я узыншагъэр нэсу зэтеувэжыным кIэ зыуIуэ гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэм.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Гуапагъэ зыхэлъ дохутырщ

Балъкъыз Валерэ Нарткъалэ щIыналъэ сымаджэщым и хирургщ, эндоскопистщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкIэ и факультетыр, Ставрополь къэрал медицинэ университетыр къиухащ. Илъэс куэд щIауэ цIыхухэр къыхуэарэзыуэ IэщIагъэм иролажьэ.



Ди гумрэ ди псэмрэ къабгъэдэкIыу Балъкъыз Валерэ фIыщIэ хуэтщIыну дыхуейщ, и IэщIагъэм хилъхьэ жэуаплыныгъэшхуэм, и гуапагъэм папщIэ. Балъкъызыр дохутыр нэсщ, цIыху гумащIэщ, и бзэр гуапэщ, и Iэпэр щабэщ, гущIэгъулыщ. И IэщIагъэ гугъум фIыуэ зэрыхищIыкIым апхуэдэ щэн дахэр хэтыжмэ, сымаджэр щIэх мэхъуж, къызэфIоувэж, псэ къыхохьэж. ЗэрыжаIэщи, цIыхум йоIэзэ хущхъуэкIи, псалъэкIи. Псоми дощIэ хирургым и IэщIагъэр псэзэпылъхьэпIэу зэрыщытыр. Сымаджэ къэс езым и хущхъуэгъуэ, бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтыныр - ари дохутырым и пщэ къыдохуэ. Балъкъыз Валерэ а IэщIагъэм къыхуигъэщIам хуэдэщ. Сымаджэ куэдым я щхьэ ирахьэлIащ, дэтхэнэми хущхъуэгъуэ къахуигъуэтащ. ЦIыхухэр къыхуэарэзыщ, хъуэхъухэр къыхужаIэ. Дохутырым и Iэзагъэр зыхэтщIащ дэри, икIи ар игъащIэкIи фIыщIэ тщIынущ. Тхьэм узыншэу и IэщIагъэм пэригъэт, хъеррэ гуфIэгъуэрэ иIэу!

ПщIэрэ фIыщIэрэ къыпхуэзыщI ДЖЭРЫДЖЭХЭ я унагъуэр.

Дунейм щыхъыбархэр

Шынагъуэ щыIэкъым

Урысейм узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зыщиужьу иужьрей зэманым кърахьэкI псалъэмакъхэр лъабжьэншэщ. «Роспотребнадзор»-м и унафэщI Поповэ Аннэ а Iуэхум теухуа и еплъыкIэр радиокIэ къыщысалъэм къыхигъэщащ:

- УРЫСЕЙМ микоплазменнэ узыфэ зэрыцIалэм егъэлеяуэ зыщиужьу кърахьэкI хъыбархэр нэпцIщ. Микоплазмэ штаммым и зы лIэужьыгъуэщIи къэралым къыщахутакъым. Иджыпсту екIуэкIыр коронавирусымкIэ пандемием къигъэна лъэужьырщ, абы фIыуэ ди иммунитетыр зэтрихуащ.

Апхуэдэу Поповэ Аннэ къыхигъэщащ иджыпсту екIуэкI коронавирус узыфэ зэрыцIалэм щытыкIэ ткIийм дригъэувэнкIэ шынагъуэ зэрыщымыIэр, иужьрей илъэсищым Урысейм а узыфэмрэ пыхусыхумрэ цIыхушхуэ зэрагъэсымэджар.

Микоплазменнэ пневмонием зыщиубгъуащ Китайм, Франджым, Германием, Нидерландхэм.

Урысей щIыдагъэм хуэныкъуэщ

Чехиемрэ Словакиемрэ Урысейм и щIыдагъэр яIэрымыхьэмэ, щытыкIэ гугъу ихуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Абы къыхэкIыу Европэ зэгухьэныгъэм зыхуагъэзащ УФ-м и щIыдагъэм щымыщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуну. Апхуэдэ хъыбарыр «Россия-24» телеканалым щыжиIащ «Транснефть» IуэхущIапIэм и президент Токарев Николай.

АБЫ къыхигъэщащ Чехиемрэ Словакиемрэ хым хуиту бгъэдыхьэпIэ зэрыхуамыIэм къыхэкIыу, нэгъуэщI щIыпIэхэмкIэ щIыдагъэр къащыIэрыхьэну Iэмал зэрамыIэр. «Чехием Италие лъэныкъуэмкIэ зы бгъэдыхьэпIэ цIыкIу щиIэщ, ауэ абыкIэ щIыдагъэу зыхуэныкъуэм хуэдиз къыщыIэрыхьэфынукъым, аращи, къэралитIми урысей щIыдагъэр ямыIэмэ, я экономикэм фIыуэ зэран хуэхъунущ», - жиIащ абы.

Словакием экономикэмкIэ и министр Саковэ Денисэ жиIащ 2024 гъэм УФ-м и щIыдагъэр къигъэсэбэпынымкIэ Братиславэ и къулыкъущIэхэм ЕС-м хуитыныгъэ къызэрыIэщIахыфар. Абы Iэмал къаритынущ а пIалъэм къриубыдэу «Slovnaft» НПЗ-м и лэжьыгъэр къызэтемыувыIэнымкIэ, апхуэдэуи Словакием и бюджетым хыхьэ налогхэр нэхъыбэ щIынымкIэ.

Дыгъэгъазэм и 21, *махуэку*

♦Илъэсым къриубыдэу махуэр щынэхъ кIэщIщ, жэщыр щынэхъ кIыхьщ

♦1944 гъэм ВКП (б)-м и обкомым унафэ къищтащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет къыщыдэгъэкIыным теухуауэ.

♦1879 гъэм къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, 1924 - 1953 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта **Сталин (Джугашвили) Иосиф**.

♦1932 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Елмэс Iэулдин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 8, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 22, *мэрем*

♦Энергетикым и махуэщ

♦УФ-м и Пенсэ фондыр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦2001 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 10, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Пэжыр къыумыщIэу унафэ тумыщIыхь.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЦIыхуу зыкъыщытлъытэжкIэ

Израилым и дзэм Палестинэм щызэрихьэ лейр къагъэувыIэн мурадкIэ, ООН-м Шынагъуэншагъэмкlэ и советым и унафэщI Гутерриш Антониу зэгухьэныгъэм и зимычэзу зэIущIэ зэхишащ дыгъэгъазэм и 8-м. АрщхьэкIэ дунейпсо цIыхубэр аргуэру пикIуэтащ лей зытехьэр Израилрауэ къэзылъытэ США-м. Урысейм къыбгъэдэкIыу зэгухьэныгъэм и утыкум ихьа Полянский Дмитрий *(сурэтым)* къэпсэлъа нэужь, цIыхухэр щыту Iэгу еуащ.

ХЬЭРЫП Эмират Зэгуэтхэм, Урысейм, Китайм ягъэхьэзыра резолюцэм и проектым Газэм щекIуэкI цIыхугъэншагъэр икIэщIыпIэкIэ ягъэувыIэну къигъэувырт. ЗэпэщIэува лъэныкъуитIым гъэру яубыдахэр Iэмалыншагъэ хэмыту яутIыпщыжу, Газэм щызэзэуэныр щагъэтыну иукъуэдийрт абы. Къыхэгъэщыпхъэщ ШынагъуэншагъэмкIэ советым и унафэщI Гутерриш Антониу а IэнатIэм зэрыпэрыувэрэ гузэвэгъуэшхуэм къиша мыпхуэдэ зэхуэс япэ дыдэу зэрызэхишар. Апхуэдэ хуитыныгъэ Секретарь Нэхъыщхьэм кърет ООН-м и Уставым и 99-нэ статьям, дунейпсо мамырыгъэм зэран хуэхъу Iуэхугъуэр IуагъэкIуэтыныр и щхьэкIэ къэуву япиубыдыну.

«Тхьэмахуийм нэблэгъауэ, Газэмрэ Израилымрэ щекIуэкI зауэм цIыхухэр бэлыхьышхуэ хидзауэ йокIуэкI, - жиIащ Гутерриш утыкум къыщыщыпсалъэм. - ШынагъуэншагъэмкIэ советым хэтхэр фыкъыхузоджэ мы цIыхугъэншагъэ хьэдэгъуэдахэр зэгъусэу къэдгъэувыIэным. Мыр бгъэIэпхъуэ мыхъун, икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхущ. ЦIыхубэр бэлыхьым къыхэшын хуейщ. Сэ сыщыгъуазэщ Израилым и зауэ Iуэхур ХАМАС-мрэ Палестинэм щыIэ адрей дзэ зэгухьэныгъэхэмрэ иратыж жэуап хуэдэу зэриублар. Ауэ ХАМАС-р къуаншэщ жыпIэу, палестинэ цIыхубэр хьэзабым щIыхэбгъэтын щыIэкъым. ЦIыхухэр гужьеящ. Ахэр мэшынэ, мэбампIэ. Унагъуэхэм яIа псори яфIэкIуэдащ, мазэ бжыгъэ хъуауэ бетон пцIанэм телъу мэжей. Газэм зы дурэш къинакъым, мыбдежым бэлыхьым щыхъума сыхъунщ щыжыпIэфыну».

Урысейм и лIыкIуэр тIэу утыкум къыщыпсэлъащ а махуэм. Резолюцэм щхьэкIэ Iэ яIэтын ипэкIэ, Полянский Дмитрий жиIащ: «МазитI хъуауэ ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и пщэ дэлъ къалэныр хуэгъэзащIэркъым. Дунейм мамырыгъэр щихъумэну дызыщыгугъ зэгухьэныгъэм Израилым къиувыхьа Газэм зауэр щигъэувыIэфыркъым. Абы и щхьэусыгъуэр зыщ: езым лей зэрихьэу щытми, и щхьэ Iуэху дэкI закъуэмэ, ищIэр хъуауэ къэзыгъэув США-р зыдэщI Израилыр захуэу къилъытэу аращ. Нэгъуэщ Iу жыпIэмэ, ШынагъуэншагъэмкIэ советым и унафэщIыр Iуэхум хагъэIэбэхыркъым. АпщIондэху езы Америкэм псори къегъэгугъэ лъэныкъуитIым я лIыкIуэхэр зэхуигъазэурэ, «щэхуу зэгуригъэIуэжыну». АрщхьэкIэ я IэбэкIэм и Iэужьу зэкIэ тлъагъур Газэ щIыналъэр палестин сабийхэм я кхъэлъахэ зэрыхъуарщ, сымаджэщхэр, школхэр, щтапIэ ихьэжыпIэхэр лагъымкIэ зэрызэтракъутарщ. Иджы хъыбарыщIэу къэIуари щIыдгъужынщ: Израилым згъэхьэзыр Палестинэм и щIыунэхэм тенджызыпс иригъэлъэдэну, апхуэдэ щIыкIэкIэ хьэрып дзэ зэгухьэныгъэхэм яхурикъуну. Абы иужькIэ а щIыпIэм ущыпсэу мыхъужыххэну аращи, ар цIыхум кIэлъызэрахьэ хабзэншагъэ дыдэщ».

Хьэрыпыбзэ зыщIэ урысей лIыкIуэм и къэпсэлъэныгъэм и кIэм Палестинхэм щыщхэм я анэдэлъхубзэмкIэ захуигъэзащ, я гузэвэгъуэр зэрызыхащIэр, къаугъэр къызэрыхьейрэ къадэщI ди къэралым лъэкI къызэримыгъанэр ягуригъаIуэу.

Резолюцэм папщIэ Iэ яIэта нэужь, ШынагъуэншагъэмкIэ советым хыхьэ къэрал 15-м щыщу 13-р а мамырыгъэр зыгъэнэхъапэ дэфтэрымкIэ арэзы хъуащ, Великобританием Iэ иIэтыххакъым, США-м унафэр къимыщтэу, «вето» жыхуаIэ мыдэныгъэр къигъэлъэгъуащ.

«Мис, мамырыгъэм хуэгъэпса унафэм аргуэру гущIэгъуншэу пэщIэувэри, США-м щыщ ди гъусэхэм Палестинэмрэ Израилымрэ щыпсэу цIыху минхэм укI тезыр тралъхьэнымкIэ арэзы хъуащ, цIыхубзхэри сабийхэри яхэту. Абыхэм ящIам къикIыр тхыдэм къигъэлъэгъуэжынщ, - жиIащ Полянскэм етIуанэу къыщыпсалъэм. - Ауэ сэ шэч къытесхьэркъым мы ди Iэлэтым къэрикIуар США-ми Инджылызми щыпсэу цIыху къызэрыгуэкIхэм я гум мастэу зэрыхэуам. Ди жагъуэ мэхъу унафэ ткIий иукъуэдииным и пIэкIэ, ШынагъуэншагъэмкIэ советым аргуэру къыхуеджэныгъэ къудейкIэ Iуэхур зэриухар. Абы къегъэлъагъуэ ар захуагъэм пэщIэува США-м и жыIэ зэрыщIэтыр».

Мы зэпэщIэтыныгъэр къызэрыхъеижрэ, япэ махуэм щегъэжьауэ Урысейм псоми ягу къегъэкIыж илъэс куэд ипэкIэ Палестинэ къэрал щхьэхуэ яухуэну унафэ къащтауэ зэрыщытар. А еплъыкIэм зэгуигъэпа Израилым и премьер-министр Нитаньяху Биньямин дыгъэгъазэм и 10-м Урысейм и Президент Путин Владимир зыкъыпищIэри, дакъикъэ 50-кIэ къепсэлъащ. ГурыIуэгъуэщ еплъыкIэкIэ узэтехуэ-узэтемыхуэм емылъытауэ, къэралхэм я зэхуаку хабзэ зэрыдэлъыпхъэр. Мыбдежми щхьэж и Iуэху бгъэдыхьэкIэм къытенэжащ. Ауэ зы гугъэ щыIэщ: Америкэм Израилым унафэ хуищIащ иригъэкIуэкI псори дыгъэгъазэм, илъэсым и кIэм нигъэсыну.

Палестинэм щыщу щтапIэ ихьэжхэр дуней хъурейм зэрыщызэбграшыр нобэ дэри долъагъу. Абыхэм ящыщхэр Дагъыстэнми, Шэшэнми, Ингушми, Къэбэрдей-Балъкъэрми къашащ. Шэч хэлъкъым къэрал IуэхущIапIэхэми гущIэгъу зыхэлъ цIыху щхьэхуэхэми а тхьэмыщкIэхэм зэрызыщIагъэкъуэнум, гъащIэ зиIэр къелынущ. Ауэ езыхэм фIыуэ къагуроIуэ езыхэм я Хэкум зэрамыгъэзэжынур, а къыздрахуа щIы кIапэр аргуэру Израилым зэрызэрипхъуэнур.

Налшык къаша цIыху 86-м бысымхэр гумащIэу ябгъэдохьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэми, УФ-м и МЧС-м и къудамэу КъБР-м щыIэми, Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэми, цIыху щхьэхуэхэми зыхуей хуагъазэ щхьэхуимыту хьэщIэ тхуэхъуахэр. Абыхэм ящыщу 38-р сабийщ, 48-р балигъщ. ИджыкIэ щыгъын хуабэхэр зэхуахьэсын яухащ, адэкIэ щхьэхуэу зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр къыхуащэхунущ. МылъкукIэ ядэIэпыкъуну хуейм 8-963-165-17-97 телефоным пыщIа картэм ахъшэ иригъэхьыфынущ.

Дыгъэгъазэм и 13-м хъыбар къэIуащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа, Палестинэм зауэр икIэщIыпIэкIэ щагъэувыIэным зэрытригъэчыныхь унафэр къызэрищтам теухуа хъыбар. Къэрали 153-м арэзыуэ Iэ яIэтащ, 23-м яIэтыххакъым, иджыри къэралипщIыр, США-мрэ Израилымрэ яхэту, адрейхэм япэщIэуващ.

Тхылъ къеджэкIэ зыдогъэщIэж

ЗэрыбкIэ къэщыпа хьэрфым пщIэ хуэзыщI дэтхэнэ цIыхуми шэч къытрихьэн хуейкъым тхылъым и мыхьэнэр зэрыабрагъуэм. Дигу ирихьу е иримыхьу ди хъуреягъым щытлъагъу псори зэгуэр тхылъымпIэ напэм ихуащ, абы зыгуэр къеджащ, ар адрейм жриIэжащ. Тхылъым и закъуэкъым зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъур, ауэ тхылъыншэу гъуэгу пэж къыхэзыха куэд щыIагъэнкъым.

«НОБЭ зыри тхылъ еджэжыркъым. Сэ сыщыщIалэм щыгъуэ...» - хэт апхуэдэу къригъажьэ нэхъыжь уэршэрхэм щIэмыдэIуар. ИтIани, щIэныгъэ зэбгъэгъуэтынымкIэ дэIэпыкъуэгъу пхуэхъу IэмэпсымэщIэхэм иджы нэхъыфIу заужьа щхьэкIэ, дызэрыт зэманри губзыгъэ зэрызащI IэмалхэмкIэ нэхъ тхьэмыщкIэу пхужыIэнукъым. Гъунэгъу хъуа илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэм я унэ щIэсыжыну сабийхэми ахэр зи гъусэну балигъхэми Iэмал я куэдынущ я къэухьым зрагъэужьыну. Аращ тхылъым удрагъэхьэхыныр къалэн зыщызыщIыжа «буктьюберхэм» я гугъу фхуэтщIыну щIыдимурадыр.

Сыт хуэдэ Iуэху-тIэ мы IэщIагъэщIэм дихьэхахэм зэрахуэр? «Бук» - инджылызыбзэкIэ «тхылъ» псалъэр зи лъабжьэ фIэщыгъэм жэуапым нэхъ пэгъунэгъу дещI. Библиотекэ лэжьакIуэ хъуми, тхылъ ищэми, езым и гукъыдэжкIэ къеджа къудейми, фIыуэ илъагъу е къищэхуагъащIэ тхылъхэм тепсэлъыхь цIыхухэр «буктьюберкIэ» зоджэж. Ахэр дэ иджыри ди IэкIэ дызылъэмыIэса тхылъхэм ди япэ къеджауэ, зытеухуам къытхутопсэлъыхь. Абыхэм я нэгум къахущIэгъэхьэркъым тхылъ емыджэ цIыхур мы дунейм насыпыфIэу щыпсэуфыну, абы цIыхуфI къыхэкIыну, адрейхэм фIыуэ яхущытыфыну, езыми и гъащIэ гъуэгур пэжу къыхихыжыфыну. Иджыри къэс тхылъым еджэныр цIыхум зэрымыщIэкIэ къыщыщI гуэру щытамэ, буктьюберхэр ди зэманыр нэхъ щхьэпэу къэдгъэсэбэпынымкIэ чэнджэщэгъу мэхъу. Фэри фегупсысыт. Политикэмрэ щэнхабзэмрэ утыкур нэхъ яIыгъыу щытми, махуэкъэс гъащIэр нэхъ купщIафIэ зыщIыр гъащIэм ухуэзыущийхэрщ. Абы къыхэкIыу, мы IэщIагъэщIэм дихьэххэм яхуэфащэкъэ зэдгъэцIыхуну?

«Сыхуеймэ, седжэнщ, сэ езым тхылъ къысхухэмыхыжу ара?» - жыфIэнкIи хъунщ, абыкIэ къодэуэнур мащIэщ. Ауэ, псалъэм папщIэ, тхылъыщIэ къыдэкIащ, уэ ар иджыри зэхэпхакъым. Ар узэджэ хъун гуэррэ зэман тебгъэкIуэдэну хуэмыфащэрэ къыбжезыIэнур абы къеджа цIыхурщ. Зы лъэныкъуэкIэ, тхылъым итыр къыбжимыIэжу. Ауэ абы укъеджэн хуэдэу удригъэхьэхыфу щытын хуейщ «тхылъ IэщIагъэлIыр».

УсакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ пщIэ нэхъыбэ щаIа совет зэманым литературэм тепсэлъыхьыныр зи IэщIагъэ критикхэри нэхъ цIэрыIуэт, езы тхакIуэхэри усакIуэхэри цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъут. Иджыпстуи ди гугъэр дымыгъэкIуэд пэтми, щIэныгъэр щызэIэпах телефоным щытепщэр хамэбзэращи, анэдэлъхубзэмрэ абыкIэ тха тхылъхэм еджэхэмрэ тыншу зэхуэзэркъым. АпщIондэху адыгэ литературэм и хъугъуэфIыгъуэхэри хокIуэдэж.

Ди щIыналъэр къатщтэмэ, щхьэпагъ къызэрымыкIуэ зыхэлъ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI тхылъ зэджахэм тепсэлъыхьыжын къудей щхьэкIэ зэIущIэхэм. Ауэ адыгэбзэмкIэ езыгъаджэхэм уакъыфIэкIмэ, тхылъым тепсэлъыхьыныр утыку къэзыщIыф «адыгэ буктьюберхэр» димыIэ пэлъытэщ.

Налшык къалэм и закъуэ къатщтэмэ, щIэх-щIэхыурэ зи гугъу тщIы «Среда/Бук» тхылъ тыкуэнри, ЩэнхабзэмкIэ центрым Битокъу Маринэ щригъэкIуэкI тхылъеджэ курсхэри, «1КБР» телеканалым щылажьэ журналист Дол Марьянэ «Тхылъхэр нэхъыбэу» зыфIища и проектри зытелажьэр цIыхухэр еджэным драгъэхьэхынырщ. Щытхъушхуэ зыхуэфащэ а жэрдэмщIакIуэхэр къалэдэсщи, зызыхуагъазэри урысыбзэкIэ къедаIуэхэрщ. Сыт ягъэ кIырэт, псалъэм папщIэ, апхуэдэ тхылъеджэ гупхэр къуажэхэм е адрей къалэхэм щыдиIамэ?

Сыдэплъеинщ жыпIэмэ, щапхъэ зытепхын куэд щыIэщ. Миклашевская Ольгэ «Блыщхьэ Оля» зыфIища и тхылъ каналым мыпхуэдэ чэнджэщкIэ къыщыддогуашэ: «Тхылъым теухуа видео тефхыну зывгъэхьэзырмэ, къывэдаIуэхэм зыкъевгъэцIыху. Иджыпсту цIыху куэд утыку къохьэ тхылъым тепсэлъыхьу, ауэ хъыбарыщIэ къат къудей хуэдэущ зэрыпсалъэр, зэджэр езыхэм къазэрыщыхъуар, зэрызыхащIар жамыIэу. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэщ, ауэ гулъытэр зыхьэхур видеом къигъэлъагъуэ цIыхурщ. Ар уигу ирихьын хуейщ. Абы и хьэлым, и псэлъэкIэм, абы сещхьарэт жозыгъэIэу дэплъагъухэм мыхьэнэ иумытмэ, къыпхуигъэпIий тхылъми удихьэхынукъым».

«Си тхылъ каналыр си псэм и хэщIапIэщ, - ядогуашэ къедаIуэхэм Хакимовэ Тамарэ. – Сэ тхылъым сытепсэлъыхьарэт жысIэн папщIэ, ар сигу ирихьын хуейщ, сэ стеухуауэ сымыщIэ гуэр къызжиIэу. Тхылъым сэ «срихьэжьэмэ», абы сытепсэлъыхьурэ адрейхэри езгъэтхьэкъуфынущ».

«Адыгэ тхылъ блогерхэми» дащогугъ замыгъэгувэу ди утыкум къихьэну.

«Адыгэ псалъэ» газетым илъэс 40 нэблагъэкIэ хьэлэлу щылэжьа Бекъан Чыланийрэ сэрэ фIыуэ дызэрыцIыхуу щытащ. Абы теухуауэ си гум къинэжар куэд мэхъу. ФIыуэ сощIэж си япэ дыдэ очеркыр Чыланий деж щезгъэхьауэ щыта зэманыр. Ар мытхыгъэшхуэми, махуэ псо тезгъэкIуэдат. ТезгъэкIуэдари Iуэхутэкъым, «елэжьыж» жаIэу къызатыжмэ е, нэхъ Iеижыр арати, мыхъуауэ жаIэу къыпрагъэхмэ, жысIэу сыгузавэрт. Iэджэ зэпэслъытащ абы щыгъуэ. «Езгъэхьын» - езмыгъэхьын» псалъитIым жэуап схуемыту я зэхуакум сыдэтащ куэдрэ, сытми, япэр тезгъакIуэри, редакцэм тхыгъэр яIэрызгъэхьауэ щытащ.

Сэ а лъэхъэнэм сыщылажьэрт Бахъсэн районым а зэманым адыгэбзэкIэ къыщыдэкIыу щыта «Коммунизмэм и нэху» газетым. Советыдзэм къулыкъу щыщысщIа илъэсхэми абы щыIа «Знамя Победы», «Крылья Советов» газетхэм штатым хэмыт корреспонденту садэлажьэурэ опыт хъарзынэ згъуэтат. Дзэ къулыкъур къесхьэлIа нэужь, сыщалъхуа щIыналъэм сыкъэкIуэжри, КъБКъУ-м сыщIэтIысхьат. Сызыхуеджэр журналистикэм емыпхами, тхэн сфIэфIти, республикэм къыщыдэкIыу щыта газетхэм, псом хуэмыдэу «Ленин гъуэгум», сыдэлажьэу сублэжащ. ЖыпIэнурамэ, редакцэм щыIэ гупым сахэзэгъауэ, сахэсыхьауэ щытт. «Уэлэхьи къэсам ди корреспондент щIалэри, мэкъумэш къудамэр ехъулIащ, жыджэрщ», - жаIэрт сэ щхьэкIэ. А псалъэхэм си лъэр нэхъ жаныж ящIырти, сэри нэхъ гушхуауэ сытхэрт.

Куэд дэмыкIыу мурад сщIащ тхыгъэ кIэщIхэм сакъыхэкIыу нэхъ убгъуауэ зыгуэрхэр стхыну. Арати, зы очерк згъэхьэзырри, редакцэм писмоулъэкIэ езгъэхьащ.

Зы тхьэмахуэ дызогъэкIри (апхуэдиз зэманкIэ си тхыгъэ трамыдзэу ягъэгувэртэкъым нэхъапэм), сигу нықъуакъуэр мамыр сщIыну, си Iуэхур зытетыр къэсщIэну сокIуэ редакцэм. СокIуэ, «хъуакъым» жиIэу си тэмакъым къыщIэгъуалъхьэ псалъэм гъуэгу езмыту, «хъуар» тезгъакIуэу. Редактор нэхъыщхьэм иригъэкIуэкIа «дакъикъитхур» зэфIэкIри, псори я къалэнхэм иужь ихьэжати, кIэлындор кIыхьыр щымт. Псори зэгъусэу щылажьэу щыта пэшышхуэм япэхэм хуэмыдэу, нэхъ щтэIэщтаблэу сыщIыхьэщ, сэлам схыри, Чыланий здэщысымкIэ сунэтIащ. Абы и стIолым гъунэгъу зыщыхуэсщIым, солъагъу Чыланий и пащхьэм илъ си тхыгъэр. ЩIыфэ хей зимыIэжым хуэдэт ар, апхуэдизкIэ зэхэтхыхьати. А дакъикъэм сыкъаскIэри сыкъикIуэтыжащ, занщIэу сыкъызэрыщIэкIыжын щхьэусыгъуэ гуэри къэзгъуэтыну иужь сихьащ, ауэ сыхунэсакъым.



Къардэн Мухьэмэд

- Мыдэ къакIуи къэтIысыт, Мухьэмэд. Уи япэ тхыгъэ иныр мыIейуэ къохъулIащ, - зэкIэлъхьэужьу жиIащ абы, си гум щыщIэ псори къищIа хуэдэ. - ТIэкIу «сыхэдыжыхьами», ягъэ кIынкъым. Пщэдейрей къыдэкIыгъуэм тетыну къыщIэкIынщ. Умыгузавэу иджыри къатхэ. Сэ япэ дыдэу стхауэ щыта очеркыр пхагъэкIауэ щытакъым. Ауэ абы щхьэкIэ тхэн щызгъэтакъым, редакцэм и лэжьакIуэхэми нэмыплъ естакъым.

А псалъэхэм сигу хьэмкIэрамкIэр тIэкIу зэтрагъэсабырэжащ. Чыланий сыкъыхуриджащ нэхъыбэIуэрэ редакцэм сытхэну, «нэхущ хъухукIэ мафIэгу бунэщIауэ» къэбджын зэрыщымыIэри, «адэ-анэм я пщэм къыдэкIын» зэрыхуейри къызгуригъаIуэу.

Сэ унэм сыкъэкIуэжащ зэхэсхахэр пщIыхьэпIэм хуэдэу къысщыхъуу. ПщIыхьэпIэтэкъым ар. Абы иужькIэ нэхъ сытегушхуэри, тхыгъэшхуэхэр стхы сыхъуащ. Игу ирихьа си тхыгъэхэм щеплъкIэ, Чыланий сыт щыгъуи къызэупщIырт: «Уа, Мухьэмэд, уэ журналист IэщIагъэм укъыхуалъхуащ, щхьэ абы ухуемыджарэ»? - «Сыхуеджэну си нэр къыхуикIырт, атIэми Москва езгъэхьа си дэфтэрхэр кIуэдри, абы сыкъызэтригъэувыIат. Арати, илъэсыр пщIэншэу схуэмыгъэкIуэду ветеринарием сыщIэтIысхьауэ щытащ», - жэуап естауэ щытащ Бекъаным.

Абы лъандэрэ «ныбгъуэр хьэм хэсми, и гур хумкIэ щыIэщ», жыхуиIэм хуэдэ хъуащ си Iуэхур. Си гур журналист IэщIагъэмкIэ щыIэурэ, Iэщ дохутыру сыкъыщIидзащ. АтIэми абыи сыхущIегъуэжакъым. Илъэс куэд хъуауэ IэщIагъитIми сыхуэпэжщ. Зи бзэ мыпсалъэ Iэщым дэIэпыкъуэгъу хуейуэ къысхуэкIуэхэр згъэщIэхъуркъым, согъэхъуж, чэнджэщ язот. Абы къыдэкIуэу сотхэ. Рассказхэр, очерхэр, жыIэгъуэхэр зэрыт тхылъитху компьютеркIэ сэ сщIыжауэ сиIэщ.

Шэч хэмылъу, журналистикэмкIэ зыIэрызгъэхьа ехъулIэныгъэхэм я фIыщIэ хэлъщ, псом япэрауэ, адыгэ газетым и редакцэм щылэжьа нэхъыжьыфIхэм. Апхуэдэхэт журналист IэщIагъэм илъэс куэдкIэ хуэпэжу лэжьахэу, редактор нэхъыщхьэу щытахэу Мэзыхьэ Борис, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ. Борист «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэр къысфIащыну характеристикэ къызэзытари, УФ-м и Журналистхэм я союзым сыхэзыгъэхьари. Ар зэи си гум ихужынукъым. Журналист IэщIагъэм къыхуалъхуащ жыхуаIэхэм ящыщт Бекъул Токъан, КIэрэф Хьэсэнбий сымэ. Абыхэм яхуэдэщ тхыгъэ купщIафIэхэр зи IэрыкIхэу Шал Мухьэмэд, Жыласэ Маритэ, ЩхьэщэмыщI Изэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Къумахуэ Аслъэн сымэ.

А псори къэсцIыхуну, абыхэм садэлэжьэну Iэмал къызэзытауэ щытар Бекъан Чыланийт. Сыт щыгъуи зэпIэзэрытт, дэтхэнэми чэнджэщ щхьэпэ езыт IэщIагъэлIт ар, ныбжьэгъуфIт, хамэгу-хамащхьэу щымыту. А нэхъыжьыфIыр сэ схуэдэ куэдым зэрахуэщхьэпар кIуэдакъым, дауи. И псэр щытыншын увыпIэфI ахърэтым щигъуэтауэ Алыхьым жиIэ. Чыланий къызита чэнджэщхэр куэдрэ сэбэп къысхуэхъуащ сэ. Ахэр сщыгъупщэркъым. Арац-тIэ, «фIыр зэи кIуэдыркъым», - жи адыгэм.

Апхуэдэ нэхъыжьыфIхэр зяпэ ита «Адыгэ псалъэ» газетым и гъуэгур кIыхь, купщIафIэ хъуну сохъуахъуэ. Къыфхуиуха гъащIэм кърищубыдэу насыпыфIэу фыпсэуну, узыншагъэ фиIэу фи бынхэм, абыхэм я щIэблэхэм я гуфIэгъуэ куэд флъагъуну си гуапэщ, лъэпкъ Iуэху дахэм хьэлэлу пэрыт си ныбжьэгъу лъапIэхэ.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Ислъэмей къуажэ.

● ПщIэну щхьэпэщ

Дзыгъуэхэм зэрапэщIэт Iэмалхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэхэм иджы хуэдэ зэманым щыбагъуэ дзыгъуэхэм хэщIыныгъэ ират мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я щIымахуэ гъэтIылъыгъэхэм. Абы къыхэкIыу Урысейм и «Россельхознадзор» IуэхущIапIэм и Кавказ Ищхъэрэ управленэм хъыбар къывегъащIэ фитосанитарие и лъэныкъуэкIэ абыхэм фахуэсакъын зэрыхуеймкIэ.

ЩIы гектарым дзыгъуэгъуэ 30-м нэс фыщрихьэлIэмэ, къэралым щагъэува мардэхэм тету, дзыгъуэхэм фебэнын хуейщ родентицид химие пкъыгъуэхэмкIэ.

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къыщагъэсэбэпыну хуит ящIыр, цIыхухэмрэ Iэщхэмрэ къахуихьынкIэ хъуну зэранагъым тещIыхьауэ, 1, 2-нэ гупхэм хиубыдэ щхъухь лIэужьыгъуэхэрщ. Мыбдежым къыщыдохь Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къыщагъэсэбэпыну хуит ящI пестицидхэмрэ агрохимикатхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрыр зэрыщыт дыдэм хуэдэу:

Бродифакумыр къыщагъэсэбэпа пкъыгъуэхэм ящыщу:

1. Антимышин, ГР (2,5 гл) ООО «Шанс»;
2. Варат, Г (0,5 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС»;
3. Килрат Супер, ГР (2,5 г/л) ООО ГК «ЗЕМЛЯКОФФ»;
4. Клерат, Г (0,05 г/кг ООО»СИНГЕНТА»;
5. Курант, ГР (2,5 г/л) ООО «ЯРИЛО»;
6. Бродифакум Гранд, Г (0,05 г/кг) ООО НПО «РАХ»;
7. Изоцин БФК, МК (2 г/л) АО «Щелково Агрохим»;
8. Морторат, Г (0,05 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС»;
9. Раттикум, Концентрат (2.5 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС»;
10. Варат, ТБ (0,05 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС;
11. Дедмайс, ГР (2,5 г/л ООО «АГРус»;
12. Варат, МБ (0,05 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС». Бромадиолон пкъыгъуэр зи лъабжьэхэм ящыщу къэвгъэсэбэпыну хуит ящIа препаратхэр:
13. Норат, Г (0,05 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС»;
14. Раттидион, Г (0,05 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС»;
15. Бром - БД, Концентрат (2,5 г/кг) ООО «ВАЛБРЕНТА КЕМИКАЛС.

Родентицид пкъыгъуэхэр, экологие щапхъэ пыухыкIахэм фытету, шхыныгъуэхэм хэфлъхьи, а Iуэхум хуащIа аппликаторхэмкIэ дзыгъуэгъуэхэм ифлъхьэ, цIыхуи Iэщи ахэр зэраIумыхуэным фыхуэсакъыу. «Россельхознадзор» IуэхущIапIэм фыщегъэгъуазэ пестицидхэмрэ агрохимикатхэмрэ къыщывгъэсэбэпкIэ фызытетын хуей фитосанитар хабзэхэр къызэпыуда хъумэ, хабзэм тету жэуап зэрыфхьынум - АПКо-м и 8.3-нэ Iыхьэ. Абы ипкъ иту цIыху щхьэхуэм сом мин - минитIкIэ, къэрал къулыкъу зезыхьэхэм сом минитI - минитхукIэ, юридическэ лицохэм сом минипщIым къыщыщIэдзауэ минищэм нэскIэ етхьэкъунущ, юридическэ лицоуэ щымыт хьэрычэтыщIэхэм административнэ жэуап яхьынущ махуэ 90-кIэ.

ПхъэнкIий идзыпIэ ящIа щIыр бгъэкъабзэ къудейкIэ зэфIэкIынукъым

Мы илъэсыр къызэрихьэрэ Кавказ Ищхъэрэм и «Россельхознадзор» управленэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэм ди щIыналъэм къыщагъуэтащ пхъэнкIий идзыпIэу 34-рэ. Ахэр псори гъавэщIапIэу къагъэсэбэп хъуну щIыщ, я инагъыр гектари 5,2-рэ мэхъу.

ПхъэнкIийхэмрэ кIэрыхубжьэрыхухэмрэ щIыр яуцIэпI микро, химие, биологие пкъыгъуэхэмкIэ. Ахэр зэранышхуэщ цIыхухэмкIэ, псэущхьэхэмкIэ, унагъуэ IэщхэмкIэ, къэкIыгъэ къудейхэмкIэ. Апхуэдэу фIей хъуа щIым и къалэныр хуэгъэзэщIэжыркъым. Абы имызакъуэу, къэкIыгъэр къызытекIэ щIы щхьэфэр толэжыкI, зэман кIыхькIэ къэбгъэсэбэп мыхъурэ щхъуантIагъи къытемыкIэжу. ЩIыр къабзэу хъумэныр къэралым и нэIэ зытет Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ икIи а хъугъуэфIыгъуэр хъумэным ехьэлIа хабзэхэр гъэзэщIэн зэрыхуейм къыхуреджэ дэтхэнэ зы цIыхури мэкъумэш IуэхущIапIэхэри. Урысей Федерацэм и ЩIы кодексым и статья 13-м и 5-нэ Iыхьэм къыщегъэув апхуэдэ щIыкIэкIэ лей зытехьа щIыр щIэрыщIэу вэжын, къэгъэщIэрэщIэжын хуейуэ. А лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI щIыр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ гъэпшэрыжынымрэ теухуауэ Урысей Правительствэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къищта унафэм ипкъ иткIэ. Ар зыхуэунэтIар дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щIымрэ сыт и лъэныкъуэкIи хъумэнырщ.

ЩIым иращIылIэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр Iыхьитху гуэшащ:

техникэ и лъэныкъуэкIэ - щIыр къызэрагъэсэбэпыным хуэгъэхьэзырын;

биологие и лъэныкъуэкIэ - агротехникэ, фитомелиорацэ IэмалхэмкIэ щIым къару егъэгъуэтыжын.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэр фыублэн ипэкIэ агрохимие, химие-токсикологие къэпщытэныгъэхэр езыгъэкIуэкI лабораторие зиIэ IэнатIэхэм захуэвгъазэ, арыншамэ, щIым и щытыкIэр тэмэму къэхута хъунукъым. Хабзэм тету вгъэхьэзыра пэхуэщIэхэр евгъэхь «Россельхознадзор»-м и щIыналъэ IуэхущIапIэм: Налшык къалэ, Лениным и уэрамым тет унэ 54-нэ. Телефоныр: 8(8662)77-81-96.

Урысейм и «Россельхознадзор» IуэхущIапIэм и Кавказ Ищхъэрэ управленэ.

Уи къуажэр фIыуэ плъагъумэ

Дагъыстэным хыхьэ Сулейманстальскэ щIыналъэм школ гъэщIэгъуэн къыщызэIуахащ. Цмур къуажэм дэт курыт еджапIэр дзэм хэта Шайдаев зэкъуэшхэм я мылъкукIэ 2016 гъэм щIэрыщIэу яухуэжауэ щытащ, абы лъандэрэ цIыхухэр фIы защIэкIэ зытрегъэпсэлъыхь.

МЫ ЕДЖАПIЭР апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуащи, къуажэ жыжьэхэм къращурэ сабийхэр къыщIагъэтIысхьэ. Уней мылъкукIэ зэрагъэпэща еджапIэм Урысейм нэхъ егъэджакIуэ нэхъыфIу исхэр кърашэлIащ ар къызэзыгъэпэщахэм. Сабийхэм а еджапIэр еджэнми лэжьэнми хуэщIауэ къаух, гъэсэныгъэ дахи щагъуэт. И ухуэныгъэ нэхъыщхьэм нэмыщI, Цмур школыр унэ цIыкIу зыбжанэу зэхэтщ, дэтхэнэ зыри щIэныгъэ щхьэхуэм хухэхауэ. Мэкъумэшыр япэ ирагъэщу къежьа щхьэкIэ, мыбы щылажьэхэм махуэ къэс щIэ гуэр къагупсыс, я еджакIуэхэри абы драгъэхьэхыф. Псалъэм папщIэ, курыт еджапIэхэм я программэм «труд» дерсыр хагъэхьэжын унафэр Къэрал Думэм къыщищтар иджы дыдэщ. Ауэ щыхъукIэ, Цмур школым куэд щIауэ дэрбзэр класс яIэщ, бзэнми дэнми ущыхурагъасэу.

Унэ зэтетитI къудейуэ къежьащ Цмур школыр. Кавказ Ищхъэрэм псынщIэу цIэрыIуэ щыхъуа еджапIэр иджы Урысейм нэхъыфI дыдэу итхэм хабжэ. Губзыгъэу Iуэхум халъхьар сыт жыпIэмэ, къуажэм зэрыдэтым щхьэкIэ, сабийхэм мэкъумэшым кууу хащIыкIыу, хадэм е губгъуэм щылэжьэным есауэ къотэдж. Дызэрыт 2023 гъэм школым шэфтал къыщагъэкIын щIадзащ, джэд щагъашхэ, хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр щагъэкI, хуабэщхэр щызэрагъэпэщащ.

Школым и унафэщI Ежов Сергей Санкт-Петербург нэс къикIри къэIэпхъуащ мы дагъыстэн къуажэ цIыкIум. «Уней школ гуэрым урысыбзэмрэ литературэмкIэ щезгъэджащ, - игу къегъэкIыж Сергей. - А псор хьфIэздзэри, Дагъыстэным сыкъэкIуащи, абы зы махуи сыхущIегъуэжакъым».

Сом мелуан 60 трагъэкIуэдащ Шайдаев зэкъуэшхэм школыр зыщIэс ухуэныгъэхэм. Езыхэри мы къуажэм зэрыщыщрат апхуэдизу щIелIалIэри, я хэку цIыкIум абыхэм щащIамкIэ тхыдэм къыхэнэну яхуэфащэщ. Сабийхэр щебгъэджэну уигу зыхуэмыкIуэж школ унэжьыр якъутэжри, ар здэщыта щIыпIэм деж япэ унэ зэтетыр щаухуащ, ауэрэ абы къыгуащIыхьащ нобэ къалэ цIыкIум ещхьу зызыубгъуа, дачэ унэхэм ещхьу гуакIуэ къудамэщIэхэр. Сабий 48-рэ фIэкIа зыщIэмыса школым зиубгъури, цIыхуи 170-м нэсащ. Абдежми къыщымыувыIэу, зи мылъку хэзылъхьэхэм фонд къызэрагъэпэщащ, халъхьэ псори школым трагъэкIуадэу. Абы лъандэрэ Урысей псом нэхъыфIу щылажьэу зэхах егъэджакIуэхэр ирагъэблагъэ. Езыхэм я мылъку зэраIэжым и фIыгъэкIэ, школым и инфраструктурэми зеужь, адрейхэм ямыIэ Iэмэпсымэхэр къащэхуф. Сабийхэм хадэм къыщIах пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ яшх икIи ящэ.

Сусловэ Яни Санкт-Петербург къиIэпхъукIри къэкIуащ Дагъыстэн къуажэм щылэжьэну, зэрыригъаджэр географиерщ. Апхуэдэ къудамэм епха егъэджакIуэм Кавказми абы щызекIуэ щэнхабзэ къызэрымыкIуэми и курыкупсэм къызэрыщыхутар фIэфIщ, и нэкIэ илъагъумкIэ и щIэныгъэм хигъахъуэу къыщохъу. «Мыбы щылажьэ егъэджакIуэхэм сабийхэм зыгуэр бгъэдалъхьэныр къафIэIуэху щытщ, абыхэм хьэлыфI зыхрагъэлъхьэну, ипэкIэ ягъэкIуэтэну хуейщ».

Дэнэ-тIэ щыпсэур Урысейм и лъэныкъуэ псомкIи къраша егъэджакIуэхэр. Абыхэм папщIэ школ пщIантIэм дащIыхьащ фэтэр куэду зэхэт унэшхуэ. Дагъыстэным щымыщ егъэджакIуэхэр абы пщIэншэу щIагъэс. Цмур курыт школыр иджыри зэрыцIэрыIуэхэм ящыщщ абы тIэунейрэ президент грант къызэрихьар.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ**.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

СурэтыщIым и дуней

Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къегъэщIылIауэ лажьэ ЦIыхубэ творчествэмкIэ щэнхабзэ центрым и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ и лэжьыгъэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ художникыр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэхыхьэ гуапэр къыщызэIуихым и псалъэм къыхигъэщащ Жылэ Анатолэ гъуазджэм зэфIэкI зэрыщиIэм къыдэкIуэу, ар икIи хьэл-щэн дахэ зыдэплъагъу цIыху гуапэу зэрыщытыр, пщIэ зэрыхуиплъыр. Министрыр Анатолэ ехъуэхъуащ сурэт щIыным щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм дяпэкIи хигъэхъуэну, лъэпкъым хуэузыншэну, дэрэжэгъуэ щымыщIэну.

- Макъамэр, сурэтыщI гъуазджэр, литературэр зэпэщхьэхуэми, Жылэ Анатолэ дэтхэнэри зэрызыхищIэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Псалъэм папщIэ, Бещтокъуэ Хьэбас и «Мывэ лъэхъэнэ» поэмэм хуищIа сурэтхэр фIыуэ къехъулIащ, - жиIащ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI ХьэIупэ ДжэбрэIил. - Зы цIыху закъуэм зэрылъэпкъыу игъэлъэпIэфынущ. Апхуэдэщ Темыркъан Юрэ, Црым Руслан, Жылэ Анатолэ сымэ.

- БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм лъандэрэ абырэ сэрэ дызэрыцIыхуауэ дызэныбжьэгъущ. Шу закъуэм хуэдэу зи гъуэгу хэзыша Анатолэ дунейм ифIри и Iейри, щIыуэпсым и дахагъэри зыхещIэ икIи и лэжьыгъэхэм ахэр къыщегъэлъагъуэ, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Руслан.

Зэхыхьэм къыщеджащ Тэрч щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хъущт Аслъэнбийрэ ЦIыхубэ творчествэмкIэ Урысей къэрал унэм и унафэщI Пуртовэ Тамарэрэ Жылэ Анатолэ къызэрехъуэхъу тхыгъэхэм.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ, художник Ерчэн Исуф, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм щэнхабзэмкIэ и комитетым и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дау Марьянэ, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэ лэжьэгъухэр, ныбжьэгъухэр къызыкъуэт Жылэ Анатолэ цIыху насыпыфIэу зэрызилъытэжыр жиIащ икIи фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ абы къыщыпсэлъахэмрэ, хъуэхъу гуапэхэр къыхужызыIахэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм художникым и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, Бещтокъуэ Хьэбас и «Мывэ лъэхъэнэ» поэмэм хуищIа графикэ лэжьыгъэхэр къызэщIиубыдэу. Гъуазджэм и жанрхэм ящыщу куэдым зезымыпщыт, нэхъ гугъуу къалъытэ графикэм Жылэм зэфIэкI зэрыщиIэр нэрылъагъущ. Анатолэ нэхъыфIу илъагъу тхакIуэхэу, усакIуэхэу Искандер Фазиль, Лохвицкий Михаил, Гоголь Николай, Бещтокъуэ Хьэбас, ГубэщIыкI Владимир, Пхъэшх МуIэед, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэм, Къэзанокъуэ Жэбагъы, Конфуций я жыIэгъуэхэм, псалъэ шэрыуэхэм яхуищIа сурэтхэр гъэщIэгъуэнщ, удамыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Анатолэ и сурэтхэм я фIыгъэкIэ а тхыгъэхэр тхылъеджэхэм нэхъ гъэщIэгъуэн, гурыIуэгъуэ тщохъу. Псом хуэмыдэу гъэм и мазэ 12-р къехъулIащ. ЗэрытщIэщи, сурэтым къощ зи гугъу ищI зэманыр сурэтыщIым и нэгу къызэрыщIыхьэр. Тхыдэр, гъащIэр, лъагъуныгъэр, дахагъэр, гупсысэр къыщыгъэлъэгъуа и лэжьыгъэхэм цIыхухэр дахьэх, абыхэм куэд щызэхэухуэнащи.

Ди блэкIар, ди бзэр, ди хабзэр, ди нэмысыр, ди литературэр дымыщIэмэ, ди къэкIуэнури тщIэнукъым. Тхыдэм цIыхур егъэIущ, гъащIэм хурегъаджэ. Ахэращ Жылэ Анатолэ и лэжьыгъэхэм гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхишар.

Зэхыхьэ гуапэр ягъэдэхащ икIи къекIуэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджыIакIуэ ансамблым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ПсэрыгъуазэкIэ дахагъэ къегъэщI

Зи гупсысэхэр къабзэ, лъэпкъым гукIэ пыщIа, илэжьым псэ хэзылъхьэ щIалэгъуалэ псэлъэгъу щысхуэхъукIэ, си гур къогуфIыкI. Апхуэдэ цIыхум и гуапагъэр ялъоIэс къэзыцIыхухэм, Iуэху къыдэзыщIэн хуей хъухэм.

Зи гугъу сщIыхэм ящыщщ Мэкъуашэ-Бырхьэм Заирэ. ДыщэкIщ, IэпэIэсэщ, дэрбзэрщ. Сахьэхуащ Заирэ ищI лэрыпсхэм, тхьэгъухэм, щхьэхэIухэм, IэлъынхэмI, абы ид фэилъхьэгъуэхэм. Бзылъхугъэхэм зызэрагъэдахэ тхьэгъуIэлъын хуэдэхэм адыгэ тхыпхъэхэр трещIэ - «гу», «псэ», «гугъэ», «уэщI», нэгъуэщIхэри. А псом Заирэ нэхъ иужькIэ зыхуигъэсэжащ, курс щхьэхуэхэм щыхуеджэжурэ. Ар КъБКъУ-м туризмым щыхуеджащ, пIалъэкIи ирилэжьащ а IэщIагъэм. Иджыпсту бзылъхугъэм IэрыкIхэр ещI, щыгъынхэр ед. Абы ищIхэм псом хуэмыдэу дехьэх щIалэгъуалэ хэкупсэхэр. Заирэ и гупсысэ щIэщыгъуэхэмкIэ дывдэгуэшэну ди гуапэщ.

- Заирэ, уи IэщIагъэм щIэдзапIэ хуэхъуам и гугъу къытхуэщIыт.

- Сыт щыгъуи щIэ гуэр къэзгупсысыну, щIэщыгъуэ гуэр IэкIэ сщIыну сфIэфIт. IуданэкIэ зэрысхъэурэ, ипоксид сагъызым хьэпшып цIыкIухэр къыхэсщIыкIыурэ си ныбжьэгъухэм сахуэупсэрт. Дэнми сыдихьэхырти, зыхуэзгъэсащ, абыкIи цIыхум нэхъ ягу дыхьэнухэм сегупсысурэ, щIэщыгъуагъ зэрыхэслъхьэным сыхэтщ.

Иджыпсту дыжьынымрэ жэзымрэ сролажьэ. Я пIалъэр хьарзынэу зэзгъэщIащ, сызыIэпишащ. Пэжым ухуеймэ, дыжьыным урилэжьэну гугъущ, ухуэсакъын хуейщ къитхьа имыIэу бузэхуным. Си гум дыхьэ псоми соплъ, согъэунэху, зызогъэхъулIэ. Уи псэм фIэфIу Iуэхугъуэ е IэщIагъэ дапщэ щыIэми, зеппщыту къохъулIэрэ къомыхъулIэрэ бгъэунэхун хуейуэ къызолъытэ.

Гуапэщ си IэрыкIхэр цIыхухэм ягу зэрыдыхьэр, си псэр зэрыхэслъхьэр зэрызыхащIэр. Си дыжьын IэрыкIхэр щIыуэпсым пэгъунэгъу дыдэщ гупсысэкIэ. ЗыIэрызыгъэхьахэми ар къызжаIэ.

- Уи IэрыкIхэр я теплъэкIэ зэрыдахэм нэмыщI, фIэщыгъэу яхуэпщIыми укъахьэху егъэлеяуэ. ПсэрыгъуазэкIэ яфIэпщрэ, хьэмэрэ...

- Псэрыгъуазэ фIызощ, ауэ а фIэсщым теухуа гупсысэкIэ щIызогъэбыдэ, дауи. Лэрыпс, щхьэхэIу, тхьэгъу хуэдэхэр щысщIым деж, ахэр зэрызгъэдахэ тхыпхъэхэм я мыхьэнэм, къагъэлъагъуэм, щэхуу яхэгъэпщкIуам зыщызогъэгъуазэ. Накуэ Феликс тхыпхъэм теухуа и тхылъыр фIыуэ къысхуосэбэп, си Iэдэжу столыщхьэм телъщ.

- «УэщI» зыфIэпща коллекцэм хэбгъэхьахэри гъэщIэгъуэнщ...

- «УэщI» коллекцэр зэуIу щысщIым сегупсысащ ар щIыуэпсым и телъыджагъым къызэреспх хъуну Iэмалым. Дуней дызытетыр зэрыдахэр, цIыхупсэр абы псыхьа зэрыщыхьур къыщызгъэлъэгъуэныр си мурадт мыбыкIэ. Сэ сфIэфIщ сыкъэзыухъуреихьым дахагъ хэслъэгъуэну, ар удзу, уафэу, псыуэ щрети. Апхуэдиз дахагъэр уи гум из щыхъум деж, абы уетхьэкъу, уегъэпIейтей, дамэ къыптригъакIэ хуэдэщ. Апхуэдэм деж гупсысэр зыхуэкIуэр уасэ зимыIэщ - псэм къыIэпокIри, IэпэкIэ бощI. Мыпхуэдэу согупсыс: щIыуэпсым псэкIэ пэгъунэгъу хъуа цIыхур IуэхущIафэкIэ дахагъэм етауэ псэунущ, пэжымрэ захуагъэмрэ тетынущ.

- Адыгэм и дежкIэ тхыпхъэм и мыхьэнэм и гугъу уэзгъэIщынут.

- Тхыпхъэм сытым щыгъуи мыхьэнэ иритырт адыгэм. АбыкIэ жаIэнIауэ хэтт пасэрейхэр. Къапщтэмэ, тхыпхъэхэм ящIэлъ гупсысэмрэ пасэрейм ар къызэригъэсэбэпу щытамрэ ямыджа куэд хэлъщ иджыри. Аращ сэ нэхъыбэм си гур тхыпхъэхэм щIетар - «удыгъэ» е «телъыджэ» жысIэн... ущэхуа гуэр къытощ. Псом хуэмыдэу бзылъхугъэм епха тхыпхъэхэр сызыхьэхущ, щIагъыбзэ дахэ къэзэрыхэщыр сигу ирохь.

- Адыгэм и щэнхабзэр, и тхыдэр, и шыфэлIыфэр зэрыплъытэмрэ зэрыбджымрэ хыболъагъуэ уи IэрыкIхэм. Апхуэдэ гупсысэ къызыхэщ зы тхылъ и цIэ къытхуиIуэ.

- Къандур Мухьэдин и «Кавказ» трилогиер си гум дыхьащ. Адыгэр абы еджэн хуейуэ къызолъытэ, ди тхыдэм и лъагъуэм дызэрыригъэплъэжым къыхэкIыу.

- Нэхъ иужьыIуэу тлъэгъуахэм ящыщщ «Сыхуитщи, сыдахэщ» псалъэхэр зыхэдыкIа щыгъынхэр... Щхьэ укъытеувыIа абы, гушыIэ щIэлъ?

- ДыщыцIыкIум, си шыпхъумрэ си дэлъхумрэ гушыIэурэ зэхъурджауэхэрт махуэ гуэрым. ЩызэрытемыгъакIуэм, си шыпхъум «Сыхуитщи, сыдахэщ» жери пичащ, «абдеж дыкъоувыIэ!» жыхуиIэ щIыкIэу. А дакъикъэм ар егъэлеяуэ дыхьэшхэн хъуащ, иджы щыжыпIэжым деж гъэщIэгъуэнагъышхуэ хыумылъагъуэми. Дэ ар псэлъафэу къытхуинащи, иджыри къыздэсым дигу иримыхьIамэ, «Сыхуитщи, сыдахэщ»-кIэ дыкъыхокI псалъэмакъым. Иджы а гукъэкIыжыр сигу илъу къыдэзгъэкIащ а псалъэхэр зыхэдыкIа щыгъынхэр. ГушыIэ щIэслъхьащ, ауэ а гушыIэм уджэгуурэ зэрызыпхъумэ щIагъыбзэ гуэри зэрыхэлъыр гурыIуэгъуэщ - «Си жагъуэ умыщIыт!» жыхуэпIэу. Абы цIыхухэри дихьэхащи, куэдым ящэху. Псалъэхэр зыхэдыкIа бзылъхугъэ щыгъыныр лIэужьыгъуэ зыбжанэ мэхъури, щхьэж езым зэригъэкIур къыхех.

- Удыгэным къикIыр?

- СызэрыцIыкIурэ сыадыгэпсэу сыкъыдэкIуэтеящ. Тхыдэр сэркIэ лъапIэщ, щэнхабзэр схъумэну сыхуейщ, щIэблэм хабзэ яхэлъмэ согуфIэ. Мис иджы сэ сыхуейщ икIи слъэкI къэзгъэнэнукъым си быным бзэр Iурылъу, хабзэ-бзыпхъэ хэлъу, адыгэ щэнхабзэр илъытэу къэзгъэхъун папщIэ. Апхуэдизу щэнхабзэ телъыджэ дэ къыддокIуэкIри, абы псори къезгъэхъуэпсэнт, зыхезгъэщIэнт, «сыту екIу» къыхужезгъэIэнт!

Сэ си IэрыкIхэр адыгэ щэнхабзэм щIеспхым и зы щхьэусыгъуэщ ди дахагъэр цIыхухэм езгъэлъагъуну, дызэрылъэпкъымрэ нэгъуэщIхэм дахэзымыгъэгъуащэу диIэхэм дыкъызэрахъумэмрэ зыхезгъэщIэну сызэрыхуейр.

ЩIалэгъуалэр куэду дехьэх икIи къыщIоупщIэ сэ здыхэмрэ хьэпшыпу сщIыхэмрэ. Абыхэм къагурыIуэну сыхуейщ ар ди щэнхабзэм къызэрыхэсхар. Псалъэм папщIэ, уи пщэм илъ лэрыпсым е уи щхьэцхэIум тетщ тхыпхъэ гъэщIэгъуэн... НэгъуэщI зыгуэрым абы Iэмал имыIэу гу лъитэнщи, щIэупщIэнщ абы къикIым, и мыхьэнэм, фIэгъэщIэгъуэн хъунщ ар къыщежьам. Абыхэм къахэкIынщ тхыдэм хэплъэжын зыгуэри. Ар IэмалыфIкъэ атIэ!

Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм куэдрэ къысхуатх си IэрыкIхэмрэ щыгъынхэмрэ ящыщ зыIэрагъэхьэну я гуапэу. США-м, Инджылызым, Иорданием, Тыркум изогъашэ си IэрыкIхэр. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэ гупсысэкIэ сазэрыдэгуашэм си гум къэрелъхьэ гурыфIыгъуэ.

- Сыт насыпыр?

- Уи гур щыгъэтIылъа унагъуэ узыншэ уиIэныр насыпщ. Насыпщ дунейр мамырыну. Дунейр зэрыдахэм, махуэ къэс десэжауэ тлъагъу щIыуэпсым телъыджэ къыхэплъагъукIыныр - ари насыпщ!

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Пасэрей адыгэбзэ щыIа?

● Тхыдэ

Билалыкъуэ Алъпарслъэн япэу щыслъэгъуар 2010 гъэращ. «Гугъэ» театрым и гупыр Къайсэр дыщылажьэрт. Табыщ Мурат итха «Гугъэм и лъагъуэ» пьесэм хэт дадэ ролыр зыгъэзащIэмкIэ сигу загъэртэкъыми, адыгэбзэр игъэбзэрэбзэну зы дадэфI дыдэ къэтлъыхъуэрт.

- УЭЛЭХЬЭ, зыгуэр щыIэм, ауэ дауэ къэтшэжа хъуну?! - жиIащ ди гупым хэт Думэныщ Фэрит.

- А щыIэр дэнэ здэщыIэр? Сыт иджыри къэс къыщIэдмышэжар?! - къызэрыгъуэтыжащ си гур.

Мис апхуэдэу дежьэри, Билалыкъуэр къэдгъуэтауэ щытащ икIи адыгэ-абхъаз театрхэм я фестивалым (Мейкъуапэ-2011) дыкIуащ. Алъпарслъэн Мейкъуапэ щигъэзэщIа дадэ ролымкIэ фIыщIэшхуэ къихьащ. Ди спектаклыр иухарэ, Iэгуауэр зэпымыуауэ, Тут Тезадэ (Черкесск драмэ театрым и артист) сценэм къыдэкIуейри, «Гугъэ» гупым щхьэкIэ псалъэ дахэ куэд къыджиIат. Абы щыгъуэ Алъпарслъэн зыхуигъазэри: «Уи адыгэбзэм и къабзагъэм дыдихьэхащ! Ди адэжьхэр зэрыпсалъэу щытам хуэдэщ уи псэлъэкIэр. Тхьэм уиузэщI!», - жиIат.

Билалыкъуэм и псэлъэкIэр Узун-Яйла (Тыркум) псэлъэкIэт, илъэси 150-рэ ипэкIэ Хэкум ираха адыгэбзэжьт! Алъпарслъэн адыгэбзэм и хьэтыкъуей къэпсэлъыкIэри къэбэрдей къэпсэлъыкIэри ещIэ. Сохъуапсэ абы щхьэкIэ!

«Гугъэ» театр гупыр Алъпарслъэн нэхъапэIуэкIэ дыщIыхуэмызам и щхьэусыгъуэри - адыгэбзэкIэ тха тхылъ увыIэгъуэ имыIэу еджэу унэм зэрыщIэсыр арат. Сыту дэгъуэу ищIат зэреджари!

- Си къуажэцIэм фIэкIа къэна си гугъэкъыми, ар къисIуэнщ... Чэчэней (Beserek) жыхуаIэ жылэм къыдэкIащ си лъэпкъыр. Псом хуэмыдэжу IуэрыIуатэм сыдехьэх. Нартхэм сыт еджэн щIыхуейр?! Абы дэтхэнэ зы адыгэри еджэн, эпосым и зэхэлъыкIэр ищIэн хуейуэ, апхуэдиз щIэныгъэрэ тхыдэрэ къытхуэзыIуэтэж тхылъыр уасэншэу къызолъытэ. Ди лъэпкъ IуэрыIуатэм и закъуэ мыхъуу, адрей лъэпкъхэми я мифологиер зэгъэцIыхупхъэщ. Ахэр щызэбгъапщэкIэ, куэд дыдэ гурыIуэгъуэ мэхъу, упщIэ куэдым я жэуап къыбогъуэт. Мыбыи гу лъытапхъэщ - зэрадзэкIым хэкIуадэр куэдщ. Зы щапхъэ: Сосрыкъуэ къызэрыхъуар тхыгъэ 25-кIэ къаIуатэ, зэзыдзэкIхэм къабгъэдэкIыуи зыгуэр хагъэувэ. Аращи, зыгуэр зэхэмызэрыхьу къанэркъым. IуэрыIуатэр къызэрыIуэта бзэм теухуауэ... Псалъэм и хьэтыркIэ, ХьэдэгъэлIым тхылъибл зэхэту къыдигъэкIа IуэрыIуатэр щигъэхьэзырым щыгъуэ, хъыбархэр къэзыIуэтахэм къызэраIуэта бзэмкIэ итхыжащ. Аращи, дэтхэнэ зы адыгэ псэлъэкIэми ущрохьэлIэ. Шапсыгъым, бэслъэнейм, хьэкIуфым, еджэрыкъуейм жаIар зырыжаIам хуэдэу тхылъым иригъэхуащ. Адыгэхэм адыгэбзэр зэзыгъэщIа хамэхэм я гугъу щащIкIэ, «уэрсэру адыгэбзэр ещIэ» жаIэ. Уэрсэру адыгэбзэ зыщIэ псоми эпосыр къызэрыIуэта адыгэбзэр тыншу къагурыIуэнущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ тщIэр хэкум къикIа ди нэхъыжьхэм дагъэщIа адыгэбзэращ. Пасэрэй адыгэ щыIащ, ауэ пасэрэй адыгэбзэ щыIа? Нобэ дэ тIурылъ адыгэбзэращ нартхэри зэрыпсалъэу щытар. Адыгэр хэкум къызэрикIрэ илъэси 160-м нэсащ. Адыгэбзэ зыщIэ хэхэсымрэ хэкум къина адыгэмрэ тыншу зэгуроIуэ. Ар и щыхьэтщ адыгэбзэм фIырыфIкIэ зэрызимыхъуэжым икIи лъэхъэнэжь лъандэрэ зэрызимыхъуэжам. НэгъуэщIыбзэхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтами, адыгэбзэм иIакъым. Адыгэбзэм и зы псэлъэкIэ зыщIэм лъэпкъ 12-м я псэлъэкIэри къыгуроIуэ. Ижь-ижьыж лъандэрэ мыпхуэдэу къогъуэгурыкIуэ. Гу зылъыста гуэрхэмкIи сывдэгуэшэнут... Псалъэм папщIэ, эпосым ущрохьэлIэ «мазихым мыпхуэдэт» жиIэу. Зы илъэсыр мазэ 12-у ябжу къызэрыщIадзэрэ тхыдэм и дежкIэ куэд щIакъым. Ауэ щыхъукIэ, лъэхъэнэжьым нартхэр зэрыбжэу щытар а мазих пIалъэрщ. IуэрыIуатэм бжыгъэ, пщалъэ псалъэхэри хэтщ. Былымыр щабжкIэ мыпхуэдэу жаIэрт: «Инхэр бгъу, жьагъэхэр пщIы, зэмыфэгъухэр пщыкIуз, зэфэгъухэр щэщI, псоми щэщI-щэщI ящIэсыжщ». Нобэрэй гъащIэми щэщI бжыгъэм нэс бжыгъэхэрщ нэхъыбэу адыгэм зэрахьэр. Жыжьагъэр «гъуэгу» псалъэмкIэ къагъэлъагъуэрт: гъуэгуищкIэ, гъуэгуиплIкIэ. Махуэ, мазэ, махуэ ныкъуэ, илъэс гъуэгу хуэдэ бжыгъэхэри хэтщ. Лъагагъыр е кууагъыр зэрапщыр «лъащхьэм къэс, лъэнкIапIэм нэс, бынжэм къэс, бгъэгум къэс» псалъэхэмкIэщ. Iэпхъуамбэ псалъэри зэрахьэрт - «Iэпхъуамбэм ущIэзгъэпщынщ». Бгъуагъым щхьэкIэ «залэ, тIуалэ, щалэ, плIалэ, IэплIакIуэ, лъэбакъуэ» жаIэрт.

«Тхьэ» псалъэри зэрахьэрт: «Алыджхэ я унэжьым тхьэ щэщI и кIыхьагъщ». Хьэлъагъыр зы цIыхум, зы шым, зы вым хуагъакIуэрт. Къыхэгъэщыпхъэщ IуэрыIуатэм нэгъуэщIыбзэхэм къахэкIауэ псалъэ гуэрхэри зэрыхэтыр. Абы нартхэр нэгъущI лъэпкъхэм зэралъэIэсар къегъэлъагъуэ! Нэхъыбэу хэт псалъэхэр нобэ дэтхэнэ зы адыгэми ищIэ псалъэхэрщ: мурад, хьейуан, къулей, хьэтыр, хьэрычэт, делэ, хьилэ, хьэлэл, хьэзыр, къаплъэн, нэгъуэщIхэри. Мы псалъэхэр адыгэбзэр къыхэпшахъуэри, ягъэбэгъуауэ жыпIэ хъунущ, - жеIэ Алъпарслъэн.

КЪАРЭЦIЫКIУ Илкай.
Сурэтым щыфIэгъур Билалыкъуэ Алъпарслъэнрэ Думэныщ Фэритрэщ.

● Футбол

Шыщхьэмыгъазэ «Шагъдий»

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым, гуп нэхъыщхьэм хэтхэм я 5-нэ турым иужькIэ япэ ит командищыр зэрыхэщIыныгъэншэщ - щыми я хьэрхуэрэгъухэр бжыгъэшхуэкIэ хагъэщIащ.

ЗЕИКЪУЭ и «Шагъдийм» къыпэщIэтахэм я гъуэм топ нэхъыбэ дигъэкIыу езым ейр нэхъ быдэу зэрихъумам и фIыгъэкIэ япэ увыпIэм щытщ зэкIэ. Абы кIэлъокIуэ Налшык и «Спартак» ныбжьыщIэ командэр, текIуэныгъиплI зиIэр. Ещанэ увыпIэм щытыр Кэнжэ и «Локомотив»-рщ. Мыхэр зэкIэ щэщ зэрыджэгуар икIи сыт щыгъуи я хьэрхуэрэгъухэр хагъэщIащ. Зеикъуэми Кэнжэми зэхуэдэ бжыгъэшхуэкIэ - 6:1-уэ ехъулIэныгъэ яIащ.

НобэкIэ зи Iуэху хэплъэгъуэ Бахъсэн и «Имран»-мрэ Налшык и «Мурбек-ФШ»-мрэ я зэIущIэ закъуэрщ топитI фIэкIа гъуэм щыдамыгъэкIар - 1:1-уэ зэрытемыгъакIуэу иухащ икIи тIуми я япэ очко зырызыр зыIэрагъэхьащ. А тIум нэхърэ зи Iуэху нэхъыкIэ Къэрэгъэш и «Иналымрэ» Малкэ и «МАХ»-рэ плIэрыплIэ хагъэщIауэ иужь дыдэ увыпIитIым щытщ.

Мы щIымахуэ чемпионатыр нэхъ гурыхьу къызэгъэпэща хъуащ. Япэрауэ, джэгупIэ губгъуэр зэрыIэрыщIым и фIыгъэкIэ захуэщ икIи щхъуантIэщи, теплъэ дахэ иIэщ. Абы и фIыгъэкIэ, футболым дихьэххэми нэхъ джэгукIэ дахэ ялъагъу. ИтIанэ, пщыхьэщхьэм Налшык и «ДыгъафIэ къалэм» и стадионыр къагъэнэху. Ещанэу, зэIущIэу хъуар мыбдеж зэрыщекIуэкIым и фIыгъэкIэ футболым дихьэххэр сыт хуэдэ джэгугъуэм хуейми нэхъ тыншу йоплъ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ иужьрей зэIущIэхэр зэриуха бжыгъэм:

«**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**МАХ**» (Малкэ) - **6:1**,
«**Искра**» (Алътуд) - «**Зэрэгъыж**» - **4:1**,
«**Имран**» (Бахъсэн) - «**Мурбек-ФШ Налшык**» - **1:1**,
«**Локомотив**» (Кэнжэ) - «**Инал**» (Къэрэгъэш) - **6:1**,
«**Спартак-Д**» (Налшык) - «**ГорИс**» (Налшык) - **3:1**,
«**ХьэтIохъущыкъуей**» - «**Ислъэмей**» - **1:3**.

Хабзэ зэрыхъуам тету, къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэхэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ екIуэкIынущи, футболым дихьэххэр Налшык и «ДыгъафIэ къалэ» стадионым фрагъэблагъэ. Шэч къытетхьэркъым абы гъэщIэгъуэн куэд зэрыщыфIлъагъунум. МахуитIми зэIущIэхэр сыхьэт 11-м щегъэжьауэ екIуэкIынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым ззэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Шагъдий»	**4**	**4**	**0**	**0**	**20-4**	**12**
2. «Спартак-Д»	**4**	**4**	**0**	**0**	**17-5**	**12**
3. «Локомотив»	**3**	**3**	**0**	**0**	**14-3**	**9**
4. «Искра»	4	3	0	1	13-3	9
5. «Зэрэгъыж»	4	2	1	1	9-9	7
6. «ГорИс»	3	2	0	1	5-4	6
7. «ЛогоВАЗ»	3	2	0	1	5-7	6
8. «ХьэтIохъущыкъуей»	4	1	1	2	7-9	4
9. «Автозапчасть»	2	1	0	1	2-2	3
10. «Мурбек-ФШ»	4	1	0	3	5-7	3
11. «Ислъэмей»	3	0	1	2	3-5	1
12. «Имран»	4	0	1	3	4-13	1
13. «МАХ»	**4**	**0**	**0**	**4**	**5-18**	**0**
14. «Инал»	**4**	**0**	**0**	**0**	**1-21**	**0**

Иджыри зы медаль

Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэ Владикавказ иджыблагъэ щекIуэкIащ «Снежный барс» зыфIаща Кубокыр тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэмкIэ) къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэIущIащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я спортсмен ныбжьыщIэхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэту абы щызэуащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Хьэщыкъуей Руслан икIи и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта, цIыху 16 щызэпэщIэта зэпеуэм, ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

Къыхэдгъэщынщи, дызэрыт илъэсым Руслан зыхэта зэIущIитхум щыщу зым япэ увыпIэр къыщихьащ, плIэм ещанэ хъуащ. Абы и тренерхэр Унэжокъуэ Абдельджабаррэ Бозиев Муслимрэщ.

НАУРЫЗЫКЪУЭ
Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66. КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.625
Заказыр №2774
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.